

Brooklyn

Distri 33–48

Vòt alavans
28 Okt–5 Nov

Jou Eleksyon an
7 Novanm



Vote vin fasil
nycvotes.org/ht

**NYC
VOTES**

Yon inisyativ Komisyon pou Finans
Kanpay Vil New York la

Gid Elektè 2023 NYC a!

W ap resevwa Gid Elektè sa a paske w se yon elektè ki anrejistre epi w te vote nan yon elekson ki fèk sot fèt. Pou w kapab wè lis kandida ki pi ajou a pou distri ou a, vizite haitiancreole.nycvotes.org/candidates.

Kilè pou m vote?

- Eleksyon jeneral la se madi **7 novanm**.
- Ou kapab vote alavans soti samdi **28 oktòb** rive dimanch **5 novanm**. Pa gen vòt lavans lendi **6 novanm**.

Pou kisa m ap vote?

Fonksyon yo

- Konsèy Minisipal
- Pwokirè Distri (Bronx, Queens, Staten Island)
- Tribinal Siprèm Eta a (Manhattan, Bronx, Queens, Brooklyn)
- Jij Tribunal Sivil yo
- Tribinal Siksesyon (Brooklyn)
- Pwopozisyon ki sou bilten vòt yo

Fonksyon ki sou bilten vòt ou a ka varye selon kote w ap viv la. Chèche jwenn bilten vòt ou a nan vote.nyc/page/find-your-poll-site.

Jwenn plis enfòmasyon sou [nycvotes.org/ht!](http://nycvotes.org/ht)

Tabdèmatyè

- | | |
|---|---|
| 3 | Kijan pou w vote |
| 4 | A kisa ou ta dwe atann ou nan biwo vòt ou a |
| 5 | Ki dwa mwen genyen antanke elektè? |
| 6 | Aksesiblite |
| 7 | Echantyon Bilten Vòt |
| 8 | Kisa fonksyonè ki eli yo fè? |

Dat elekson yo ak Dat Limit

23 okt	Dat limit demann Bilten Vòt Moun ki Absan yo (sou entènèt oswa pa lapòs) *Si se pa lapòs ou voye bilten vòt moun ki absan ou an, Konsèy Elektoral la dwe resevwa I nan dat sa a.
28 okt	Dat limit pou enskripsyon elektè yo Vòt alavans yo ap kòmanse
5 nov	Vòt alavans yo ap fini
6 nov	Dat limit demann pou bilten vòt moun ki absan yo (an pèsòn nan biwo Konsèy Elektoral la)
7 nov	Jou Eleksyon Jeneral la (6:00 a.m. – 9:00 p.m.) Dènye jou pou w poste bilten vòt moun ki absan ou an oswa depoze I nan yon biwo vòt



- | | |
|----|----------------------------------|
| 9 | Konsènan Konsèy Minisipal la |
| 10 | Kandida ki sou Bilten Vòt la |
| 58 | Pwopozisyon ki sou Bilten Vòt yo |
| 61 | Konsènan NYC Votes |
| 62 | Kesyon yo Poze Souvan |
| 64 | Kontakte Konsèy Elektoral la |

Kijan pou w vote

Biwo vòt ak Lè pou vote

Chèche biwo vòt ou a ak ki lè pou w vote:

- Vizite [nycvotes.org/ht](#).
- Rele Konsèy Elektoral Vil Nouyòk la nan
866-VOTE-NYC (866-868-3692)
oswa **TTY 212-487- 5496**.



Jou Eleksyon an

Vòt yo ap ouvri nan Jou Eleksyon an, **7 novanm**, soti 6:00 a.m. pou 9:00 p.m. Ou dwe vote nan biwo vòt yo voye w la.

**Lokal biwo vòt yo konn chanje, kidonk pa blyie tcheke
adrès la anvan ou ale!**



Vòt alavans

Ou ka vote alavans an pèsòn avan
Jou Eleksyon an.

Sa pou ou konnen

- Gen yon biwo vòt alavans yo te voye w, ki petèt diferan de biwo vòt ou tonbe nan jou eleksyon an.
- Orè yo chanje chak jou, kidonk asire w ou verifye biwo vòt ou a epi konfime orè pa yo a avan w ale.

Dat vòt alavans yo

Samdi **28 oktòb** rive dimanch **5 novanm**.



Vòt pa Korespondans

Ou ka mande yon Bilten vòt moun ki absan si w gen yon rezon valab, tankou si w pa Nouyòk nan Jou Eleksyon an oswa si w gen yon maladi oswa yon andikap fizik.

23 oktòb se dat limit pou w mande bilten vòt ou an sou entènèt, oswa pou Konsèy Elektoral la resevwa demann ou an pa lapòs.

Mande yon bilten vòt moun ki absan sèlman si ou gen entansyon vote pa korespondans. Si ou chwazi vote an pèsòn apre ou fin mande yon bilten vòt moun ki absan, ou dwe vote ak yon bilten vòt sou sèman nan biwo vòt ou a.

Kijan pou w mande bilten vòt moun ki absan ou an:

- Vizite [nycabsentee.com](#).
- Rele Konsèy Elektoral Vil Nouyòk la nan
866-VOTE-NYC (866-868-3692) oswa
TTY 212-487-5496 pou moun ki mal pou tande yo.
- Vizite biwo lokal Konsèy Elektoral Vil Nouyòk ou a. Dat limit la se **6 novanm** pou w soumèt demann ou an an pèsòn.

Si ou mal pou w wè oswa si ou gen yon andikap

Pou w jwenn yon lektè ekran li bilten vòt ou an, ou kapab mande yon bilten vòt moun ki absan ki aksesib nan [nycabsentee.com/accessibility](#) oswa rele nan nimewo ki make anlè a.

Swiv Bilten Vòt ou a

Ou ka suiv bilten vòt ou a an liy sou sit Konsèy Elektoral Vil Nouyòk la nan [nycabsentee.com/tracking](#).

A kisa ou dwe atann ou nan biwo vòt ou a



Prezante w pou yo ka anrejistre w lè w rive

Lè ou antre, yon mandatè biwo vòt ap montre w ki kote pou ou anrejistre prezans ou. Li pral chèche nan lis elektè ki enskri yo epi l ap verifye siyati w anvan l ba ou yon bilten vòt.

Konsèy Pwofesyonèl: Si ou resevwa yon Fast Pass nan kourye lapòs Konsèy Elektoral la voye ba w la, mache avèk li pou w ka enskri pi vit!

*Ou pa bezwen bay yon pyès idantite pou w ka vote, eksepte si w se yon moun k ap vote pou premye fwa epi ou pa t bay nimewo DMV oswa nimewo sekirite sosyal lè w t ap enskri pou w vote a.



Ranpli Bilten Vòt ou a

Make Bilten Vòt ou a pandan w ap ranpli oval ki bò kote chwa w fè a nèt.

Si ou fè yon erè oswa si ou gen kesyon konsènan bilten vòt ou an, ou ka mande yon mandatè vin ede w.

*Sonje pou w tcheke toulede bò bilten vòt ou a pou w pa pèdi anyen.



Eskane Bilten Vòt ou a

Yon fwa ou fin ranpli bilten vòt ou an, yon mandatè ap ede w mete bilten vòt ou a nan eskanè a. Eskanè a ap fè w konnen lè vòt ou a fin arejistre.



Pran estikè ou a

Koleksyone estikè ou a! Kole l sou rad ou, fè chèlbè avè l epi asire w zanmi w ak fanmi w gen entasyon vote tou.

Ki dwa mwen genyen antanke elektè?

Ou gen dwa pou w vote nan eleksyon jeneral la si:

- Ou se yon elektè ki anrejistre.
- Ou nan liy nan biwo vòt ou an anvan lè pou li fèmen an rive.

Nan kèleswa eleksyon an, ou gen dwa pou w:

- Mande yon mandatè pou l'ede w, oswa mande yon entèprèt si ou bezwen èd nan lang.
Rele **866-VOTE-NYC (866-868-3692)** oswa **TTY 212-487-5496** pou moun ki mal pou tandem yo si ou bezwen plis enfòmasyon konsènan entèprèt yo.
- Mache ak yon moun pou ede w vote (sof anplwayè w oswa yon reprezantan sendikal).
- Mache ak dokiman w, tankou Gid Elektè sa a.
- Vote menmsi machin vòt la anpàn.
- Vote pa bilten vòt sou sèman si non w pa nan lis elektè ki nan biwo vòt ou a.
- Yon Biwo vòt ki aksesib ki pa gen okenn obstak fizik.
- Sèvi ak machin pou vote ki aksesib pou w depoze bilten vòt ou a.
- Vote kèleswa kapasite oswa andikap ou genyen an.

Dwa vòt pou moun ki gen yon kondanasyon penal oswa kriminèl:

- Kondanasyon pou enfraksyon ak vyolasyon pa anpeche w vote, menmsi w ap prije pèn nan prizon.
- Si w nan prizon pou yon krim, ou pa kalifye pou w vote. Men, si yo kondane w pou yon krim epi yo sispann santans ou an, ou kapab vote.
- Si yo te kondane w pou yon krim epi yo lage w, ou ka vote. Men, ou dwe enskri ankò pou w ka vote.
- Si pou kounye a ou nan pwobasyon oswa libète kondisyonèl, ou ka vote.
- Si pou kounye a ou nan prizon pou yon deli oswa si w ap tann jijman, ou ka vote.

Kimoun ou ta dwe kontakte si w bezwen sipò:

- Si gen yon pwoblèm ak biwo vòt ou an, di yon mandatè sa oswa rele Konsèy Elektoral Vil Nouyòk la nan **866-VOTE-NYC (866-868-3692)** oswa **TTY 212-487-5496**.
- Si yo te vyole dwa w, rele nimewo gratis Pwoteksyon Eleksyon an pou w pale ak yon volontè Pwoteksyon Eleksyon ki resevwa fòmasyon pou sa epi jwenn sipò jiridik gratis nan **866-OUR-VOTE (866-687-8683)**.
- Pote plent bay Pwokirè Jeneral Nouyòk la nan **(866) 390-2992** oswa vizite ag.ny.gov/election-hotline.

Aksesiblite

Chak elektè nan Nouyòk gen dwa pou li depoze bilten vòt yo a yon fason ki prive ak endepandan. Si w bezwen èd pou w ranpli bilten vòt ou a akoz yon andikap oswa akoz ou pa metrize anglè, genyen asistans ki disponib.

Bilten Vòt Moun ki Absan ki aksesib

Si w gen pwoblèm vizyon oswa ou pa ka make yon bilten vòt an papye, ou ka toujou vote pa korespondans. Ou kapab mande yon bilten vòt moun ki absan yon lektè ekran kapab li epi tou ranpli l pa mwayen yon ödinatè. Pou mande yon bilten vòt moun ki absan ki aksesib, vizite: nycabsentee.com/accessibility oswa rele 866-VOTE-NYC (866-868-3692) oswa TTY 212-487-5496 pou moun ki mal pou tande yo.

Sèvis Lang ak Entèpretasyon

Gen entèprèt ki disponib nan plizyè biwo vòt nan vil la. Ou gendwa mande yon moun, yon fanmi w, yon zanmi oswa yon entèprèt, vini ede w konprann ak ranpli Bilten Vòt ou an.

Ou ka aprann ki biwo vòt ki pwopoze entèprèt sou vote.nyc. Ou kapab rele tou nan 866-VOTE-NYC (866-868-3692).

Aparèy pou make Bilten Vòt yo

Aparèy pou make Bilten Vòt yo (BMD) disponib nan tout biwo vòt yo pou bay elektè yo, tankou sa yo ki avèg, ki gen pwoblèm vizyon, oswa ki gen yon andikap oubyen yon kondisyon ki ka rann li difisil oswa enposib pou yo make yon bilten vòt ak yon plim, plis aksesiblite.

Si w ta renmen itilize yon BMD, jis mande yon mandatè li! Ou ka itilize l pou w ka wè bilten vòt ou a sou yon ekran afichaj, pou w tradui l nan lòt lang, oswa pou w koute chwa w yo nan kas.

Aparèy la bay kat fason pou w make Bilten Vòt ou a:



Ekran tòtch



Klavye (Bray)



Aparèy pou rale ak soufle nan bouch



Manèt a baskil

- Ou gendwa “ZOOM IN” (AGRANDI) pou fè tèks la vin pi gwo, “ZOOM OUT” (DIMINYE) pou tèks la tounen nan dimansyon nòmal li oswa chwazi “HIGH CONTRAST” (GRAN KONTRAS) pou afiche tèks Bilten Vòt la an blan sou yon fon nwa.
- Epitou ou gendwa repete epi ajiste vitès ak volim son an nan kas la.
- Sonje! Chwa w yo pa definitif toutotan ou pa antre bilten vòt ou an nan eskanè a epi depoze vòt ou an.
- Si ou ta renmen yon moun ede w antre bilten vòt ou an nan eskanè a, yon mandatè ap ede w.

Echantiyon Bilten Vòt

Echantiyon Bilten Vòt ki anba a la pou demonstrasyon sèlman. Li pa Bilten Vòt reyèl ou a epi si w ranpli l, sa p ap konte kòm vòt ou.

Office	Candidate A Party 1	Candidate B Party 2
City Council	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>
District Attorney Bronx, Queens, Staten Island	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>
State Supreme Court Manhattan, Bronx, Queens, Brooklyn	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>
Civil Court Judges	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>
Surrogate's Court Brooklyn	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>

Tòp chwa mwen yo

Itilize paj sa a pou w ranje chwa kandida ou yo pou Konsèy Minisipal la ak pwopozisyon vòt yo. Ou kapab mache ak sa a ansanm avèk ou nan biwo vòt ou a pou w gade pandan w ap ranpli bilten vòt ou an.

Konsèy Minisipal

Pwopozisyon ki sou bilten vòt yo

Pwopozisyon 1

Pwopozisyon 2

Rapèl! Gendwa gen fonksyon anplis sou bilten vòt ou an selon pati politik ou ak kote ou abite a.

Ou kapab wè yon echantyon bilten vòt ou a nan biwo Konsèy Elektoral la nan findmypollsite.vote.nyc.

Kisa fonksyonè ki eli yo fè?

Fonksyonè ki eli nou yo gen pou yo pran desizyon ki gen enpak sou travay, lojman, edikasyon, swen sante ak lòt ankò, chak jou. Aprann plis sou fonksyon ki sou bilten vòt ou a.

Pou w kapab wè lis kandida ki pi ajou a nan distri ou a, vizite haitiancreole.nycvotes.org/candidates.

Fonksyon minisipal yo

Konsèy Minisipal

Konsèy Minisipal la se branch lejislatif, oswa ki fè lalwa, nan gouvènman Vil Nouyòk la. Gen 51 manm. Manm konsèy yo jeneralman mandate pou 4 lane (2 manda youn dèyè lòt maksimòm).

Apre resansman 2020 an, yo te reyaranje distri Konsèy Minisipal yo pou yo te ka ajiste a chanjman ki genyen nan popilasyon an. Poutèt pwoesisis sa a, Manm konsèy ki eli an 2021 ak 2023 pral gen yon manda 2 lane nan distri yo fenk delimite yo. An 2025, yo ap rekòmanse ak manda 4 lane yo.

- Prezante ak vote pwojè lwa yo.
- Negosye ak apwouve bidjè vil la.
- Siveye ajans minisipal yo.
- Pran desizyon sou kwasans ak devlopman vil nou an.
- Founi sipò pou Konstitiyan yo.

Chèche jwenn distri konsèy minisipal ou a sou findmypollsite.vote.nyc.

Fonksyon konte yo

Pwokirè Distri

Pwokirè distri a se pwokirè prensipal nan konte I la. Yo eli yo pou 4 lane. Pa gen limit nan manda.

- Deside ki dosye pou yo pouswit (ak ki dosye pou yo pa pouswit).
- Sipèvize tout pouswit penal yo.
- Ankete ak pouswit konpòtman kriminèl.

Jij yo

Tribinal Siprèm Eta a

Jij Kou Siprèm Eta a sipèvize gwo zak kriminèl ak pwochè sivil nan konte yo. Tribunal Siprèm lan se tribunal jijman nan Eta New York; Tribunal Apèl la se tribunal ki pi wo a. Yo eli pou 14 lane.

- Li bay jijman sou divòs, separasyon ak pwoesi anilasyon.
- Li jere pouswit penal pou deli yo (kote ka gen yon kondanasyon pou plis pase yon lane).
- Li deside sou ka sivil yo tankou reklamasyon kontraktyèl ak pou deli.

Tribinal Sivil – Konte ak Distri

Jij Tribunal Sivil yo ka dirije Konte oswa Distri, kidonk ou ka wè plis pase yon jij tribunal sivil sou bilten vòt ou a. Jij yo eli pou 10 lane epi yo tandé afè tankou:

- Afè sivil ki plis pase \$50,000.
- Afè ant pwopriyetè ak lokatè epi pwochè ki konsène kenbe estanda lojman yo.
- Pouswit penal enfraçsyon yo.

Tribinal sibstitityon

Jij Tribunal Siksesyon yo tranche zafè ki konsène patrimwann moun ki te rezide nan Konte a apre lanmò yo. Yo eli pou 14 lane epi yo jije zafè tankou:

- Afè yon moun ki mouri tankou testaman ak administrasyon patrimwann.
- Adopsyon.
- Gadyen/Titèl.

Yon Jounen nan Lavi yon Manm Konsèy Minisipal la

Kisa manm Konsèy Minisipal la fè pou ou?


- Elabore epi vote pwojè lwa yo ki konsène kesyon tankou lojman, swen sante, edikasyon, sekirite piblik ak lòt ankò. Manm konsèy la kapab patisipe nan komite tou pou travay sou kesyon konsènan vyeyisman rive nan sèvis pou jèn yo.
- Travay ak Majistra vil la pou kreye epi apwouve bidjè ~\$107 milya dola vil la. Chak manm konsèy la ap jere yon bidjè ~\$5 milyon dola tou pou konstwi lekòl epi pou fè amelyorasyon nan distri yo, ansanm ak yon bidjè adisyonèl ~\$500,000 pou sipòte òganizasyon ki pa la pou fè pwofit yo.

- Siveye ajans minisipal ki ap bay Nouyòkè yo sèvis yo, tankou Depatman Polis Vil Nouyòk la ak Depatman Edikasyon Vil Nouyòk la.
- Detèmine jan pou yo itilize batiman ak teren yo toupatou nan vil la, epi siveye zonaj pou pwopriyetè yo pandan I ap prezèv repè yo epi jere tè ak enstalasyon piblik yo.
- Ede Konstitiyan tankou w. Manm konsèy la ak fonksyon yo genyen yo kapab ede w ak kesyon tankou preparasyon taks, lojman abòdab, plante pyebwa, twotwa ki sal, twou nan lari, sekirite pyeton ak lòt ankò. Kontakte manm konsèy ou a si ou bezwen èd!

Kat Konsèy Minisipal Nouyòk la

- NYC gen 51 distri Konsèy Minisipal
- ~172,000 elektè abite nan chak distri
- Konsèy Minisipal la apwouve bidjè ~\$107 milya NYC a

Chèche jwenn distri konsèy minisipal ou a sou findmypollsite.vote.nyc.



Konsèy Minisipal Distri 33

Demokrat, Fanmi k ap Travay yo

- Lincoln Restler 

Republikan, Konsèvatè, Libète Medikal

- Martha Rowen 

 Badj sa a ap parèt si yon kandida ap patisipe nan pwogram Fon an Kontrepati vil Nouyòk la, ki ede kandida yo konte sou rezidan Vil Nouyòk yo—pa sou enterè espesyal—pou finanse kanpay yo. Aprann plis nan [paj 61](#).

Gid sa a bay lis tout kandida ki dwe parèt nan bilten vòt la nan moman publikasyon an. Pou w wè lis kandida ki pi ajou yo, jwenn video kandida yo, epi konpare pozisyon yo sou pwoblèm yo, vizite haitiancreole.nycvotes.org/candidates.



Lincoln Restler

Demokrat, Fanmi k ap Travay yo

3 pi gwo pwoblèm:

1. Lite kont kriz klimatik la
2. Konstwi epi prezève lojman abòdab yo
3. Pi bon transpò komen, lari ki pi sekirize

"Mwen pase tout vi m nan 33yèm awondisman an epi se te yon lonè pou m manm Konsèy ou a. Nou ap goumen pou yon Brooklyn ki pi jis epi ki pi vèt. Nou mete sou pye plizyè lwa pou nou goumen kont kriz klimatik la, nou te konstwi lojman ki vrèman abòdab, fè plis wout pou bekann yo mete fen nan vòl elikoptè ki pa enpòtan yo, eksatera. M ta renmen kontinye rezoud pwoblèm nou yo 24 sou 24, 7 jou sou 7, epi pou nou fè 33yèm yon modèl pou Brooklyn ak lòt yo!"

Pwofesyon pou kounye a: Manm Konsèy Minisipal

Pwofesyon anvan yo: Mwen te travay nan Administrasyon Minisipal la pandan plis pase yon dizèn lane, Direktè Ekzekitif NYC Employment & Training Coalition

Edikasyon: Brown University

Afilyasyon Òganizasyonèl: Ede fonde New Kings Democrats ak Konsèy Administrasyon Community Board 2, Brooklyn Public Library, IMPACCT.

Eksperyans biblik pase: Se te yon onè pou mwen pou m te manm konsèy la. Mwen te pase pifò tan karyè mwen kòm yon fonksyonè nan administrasyon Nouyòk la.

Enskri nan Pati: Demokrat



Martha Rowen

Republiken, Konsèvatè, Libète Medikal

3 pi gwo pwoblèm:

1. Defann libète medikal al dwa parantal yo
2. Otonomi kominote a nan desizyon lokal yo
3. Pwoteje ak sipòte ti antrepriz yo

"Mwen se yon madan marye, yon manman, yon grann ki ap viv Brooklyn depi lontan. Mwen te aktivis kominotè pandan plizyè lane, dènyeman mwen antre nan lit pou m pwoteje bibliyotèk yo, libète ekspresyon ak aksè ak enfòmasyon.

Mwen kandida paske m vle nou rejwenn yon lavi sivik ki ekilibre, mete fen nan eksè gouvenman an ki vle limite pouvwa moun ki eli ak moun ki pa eli yo, epi mete sou pye plizyè refòm ki pou pwoteje dwa nou."

Pwofesyon pou kounye a: Asistan-Pwofesè adjwen, NYU-SPS

Pwofesyon anvan yo: Pwofesè Lekòl segondè, Bard High School Early College, Konferansye adjwen, Brooklyn College, City College, Hunter College

Edikasyon: Mastè nan Atizay ak Filozofi, lang klasik, CUNY Graduate School, Lisans nan lang klasik, City University of New York

Afilyasyon Òganizasyonèl: Medical Freedom Alliance, Citizens Defending Libraries

Eksperyans publik pase: N/A

Enskri nan Pati: Republiken

prepare biltén vòt ou a

Ou fin chwazi kandida w yo?
Make chwa w yo epi ale ak yo
nan biwo vòt ou a!



Eskane la oswa vizite
[haitiancreole.nycvotes.org/
plan-your-ballot](http://haitiancreole.nycvotes.org/plan-your-ballot)

Konpare Kandida yo

Ane sa a, nou te mande kandida yo pou yo pataje pozisyon yo sou uit pwoblèm Nouyòkè yo te di ki pi enpòtan pou yo nan yon Sondaj ki sot pase nan Quinnipiac University: krim, enflasyon, pwoteksyon demokrasi, avòtman, lojman abòdab, sanzabri, inegalite rasyal, ak chanjman klimatik. Pou w konpare repons kandida yo sou kesyon sa yo, vizite haitiancreole.nycvotes.org/compare.

Chèche jwenn distri konsèy minisipal ou a sou findmypollsite.vote.nyc.

Lincoln Restler ✅

Demokrat, Fanmi k ap Travay yo

Martha Rowen ✅

Republikan, Konsèvatè, Libète Medikal

Kriminalite

Tout moun Brooklyn yo merite pou yo santi yo an sekirite. Vyo lans ak zam epi krim rayisab yo se pwoblèm grav nou dwe rezoud ak apwòch espesifik pou rann kominote nou yo plis sekirize. Nou dwe kreye plis opòtinite pou jèn yo yon fason pou nou ede yo nan bon chimen an.

Se chomaj, toksikomani ak dezespwa ki ap alimante kriminalite a. M pral travay kole sere ak lapolis la pou pwoteje katye nou yo epi sekirize metwo nou yo, m pral travay ak kominote a tou pou favorize yon ekonomi lokal ki ofri travay, katye ki agreyab ak bon jan prensip.

Enflasyon

Enflasyon an se yon gwo pwoblèm li ye pou travayè yo ki gentan ap goumen kont kriz aksesiblite a nan Nouyòk. Nou bezwen asire nou salè minimòm nan lye ak enflasyon an epi pou travayè yo toujou resevwa ajisteman pri yo.

Depi 2020, Fed te enprime anviwon 80% dola k ap sikile yo, nan yon gwo distribisyon richès, ki te ale jwenn gwo antrepriz ki te rete louvri yo pandan lekòl, ti biznis, legliz ak sèvis esansyèl New York yo te fèmen. Nou dwe anpeche sa rive ankò

Pwoteksyon Demokrasi

Kèlkeswa moun ki bay demokrasi nou an enpòtans vre dwe investi toutbon pou elaji aksè vòt korespondans lan ak pwoteje dwa vòt pou tout abitan Nouyòk yo. Mwen patisce nan kreye yon ognizasyon politik ki la pou refòme ki gen objektif fè pwomosyon pou transparans, responsabilite ak entegrite nan Brooklyn.

Demokrasi a depann de angajman sitwayen yo epi konfyans yo genyen nan pwosesis la. Anpil abitan Nouyòk pa fin kwè nan kesyon vòt la, anpil lòt bezwen èd pou yo vote. Mwen ap travay pou m fè tou de patisce, pandan m ap asire m vòt nou yo konte yon fason ekitab epi pou tout elektè yo gen aksè ak li fasilman.

Konsèy Minisipal Distri 34

Demokrat, Fanmi k ap Travay yo

- Jennifer Gutierrez 

Libète Medikal

- Marguerite Chandler

 Badj sa a ap parèt si yon kandida ap patisipe nan pwogram Fon an Kontrepati vil Nouyòk la, ki ede kandida yo konte sou rezidan Vil Nouyòk yo—pa sou enterè espesyal—pou finanse kanpay yo. Aprann plis nan [paj 61](#).

Gid sa a bay lis tout kandida ki dwe parèt nan bilten vòt la nan moman biblikasyon an. Pou w wè lis kandida ki pi ajou yo, jwenn videoyo kandida yo, epi konpare pozisyon yo sou pwoblèm yo, vizite haitiancreole.nycvotes.org/candidates.



Jennifer Gutierrez

Demokrat, Fanmi k ap Travay yo

3 pi gwo pwoblèm:

1. Swen Invèsèl pou Timoun
2. Ranfòse ak elaji pwoteksyon lokatè yo
3. Jistis anviwònmantal

"Jennifer Gutiérrez se yon òganizatris, aktivis epi yon alye. Pandan plis pase yon deseni, Jennifer te ap okipe l de anje ki afekte fanmi li reprezante kounye a yo. Li te fèt ak grandi nan Queens paran l se te imigran Kolonbyen yo te ye, Jennifer te grandi nan yon apatman yon chanm epi li te ale nan lekòl leta. Li te yon avoka depi tou piti lè papa l te vin andikape epi li te nan litij ak konpayi asirans yo, epi li te konn akonpaye manman l nan misyon netwayaj yo pou entèprete ak negosye salè pou li. Pandan manda li a, li batay pou lojman abòdab, pou kenbe finansman lekòl yo ak krèch yo, pou bon jan ekite ak aksè, pou batay kont diminisyon bidjè sèvis sosyal yo ke kominate nou yo bezwen anpil."

Pwofesyon pou kounye a: Manm Konsèy la

Pwofesyon anvan: Chèf pèsonèl

Edikasyon: University at Albany

Afilyasyon Òganizasyonèl: Non Aplikab

Eksperyans publik pase: Non Aplikab

Enskri nan Pati: Demokrat



Marguerite Chandler

Libète Medikal

3 pi gwo pwoblèm:

1. Sansire, Libète Ekspresyon
2. Libète Medikal
3. Vil la fè fayit

"Mwen se yon entèlektyèl otodikdat nan anpil késyon k ap fè aktyalite, istwa ak ekonomi. Nou bezwen yon lapli, yon delij enfòmasyon, pou sitwayen nou yo ka an mezi pou yo fòje pwòp opinyon pa yo. "San vizyon yon pèp ap peri." Se sèlman nan echanje enfòmasyon yo libreman n ap ka pwogrese epi inove."

Pwofesyon pou kounye a: Retrete

Pwofesyon anvan yo: Potye, ekriven, òganizatè ko-lojman

Edikasyon: Inivèsite, pa gen diplòm. U.C.L.A. U.C. Santa Barbara, divès fakilte komunitè ak lekòl Inivèsite Leta. Fakilte Mizik, reyion Marin, Kalifòni

Afilyasyon Òganizasyonèl: BlockBush anti-war group, Bioregional Congress representative. Hudson River Sloop Singer for Clearwater. Sloop Club Beacon NY.

Eksperyans publik pase: okenn

Enskri nan Pati: Republiken

konpare kandida yo



Vizite Gid Elektè anliy nou an pou w ka wè pozisyon kandida yo konsènan pwoblèm ki pi enpòtan pou ou yo, epi konpare opinyon yo.

Eskane la oswa vizite haitiancreole.nycvotes.org/compare

Konpare Kandida yo

Ane sa a, nou te mande kandida yo pou yo pataje pozisyon yo sou uit pwoblèm Nouyòkè yo te di ki pi enpòtan pou yo nan yon Sondaj ki sot pase nan Quinnipiac University: krim, enflasyon, pwoteksyon demokrasi, avòtman, lojman abòdab, sanzabri, inegalite rasyal, ak chanjman klimatik. Pou w konpare repons kandida yo sou kesyon sa yo, vizite haitiancreole.nycvotes.org/compare.

Chèche jwenn distri konsèy minisipal ou a sou findmypollsite.vote.nyc.

Jennifer Gutierrez ✓

Demokrat, Fanmi k ap Travay yo

Marguerite Chandler

Libète Medikal

Kriminalite

Nou dwe konsantre pou retire zam nan men timoun nou yo, e omante finansman pou resous kominotè nou konnen k ap fonksyone: sante mantal ak sèvis toksikomani, bon lojman ak kanpe sou vyolans nan lekòl.

Nou bezwen travay ansanm, antanke moun k ap viv k ap respire, pou n asire n nou gen kondisyon apwopriye pou n gen lapè lakay nou ak nan kominote nou; k ap enplike tou pak ak pwogram pou jèn. Kriminèl vyolan residivis yo dwe rete nan prizon jiska pwosè yo.

Enflasyon

Nouyòkè yo chak jou gen difikilte pou yo rale yon souf nan vil nou an; pri lwaye a te monte ak pri lèt ak ze yo nan yon pi wo. Pou kounya, nou dwe konsantre nou sou envestisman enpòtan nan sèvis sosyal nan tout gouvènman an pou sipòte fanmi ki plis bezwen yo.

Pwoblèm ekonomik la se rezulta politik gouvènmantal yo. Enflasyon an ap vòlè moun k ap ekonomize yo. Evolisyon an enflasyon an riske kreye pwoblèm grangou, pi grav pase grangou ki deja gen la. Mwen bezwen moun k ap kiltive manje nan vil la, k ap itilize metòd pèmakiltirèl ak agrikòl.

Pwoteksyon Demokrasi

Sa fè lontan mwen se yon defansè pou vil mwen an ak vòt mwen, epi m kwè chak Nouyòkè, kèleswa sitiyasyon imigrasyon yo, ta dwe kapab vote nan vil nou an. Mwen pral kontinye pouse Eta a tou pou aplike enskripsyon elektè menm jou a.

Vòt la enpòtan anpil. Anpil moun bay vi yo pou yo jwenn vòt. Li presye anpil. Lè yo kontwole bilten “òfelen” ki soti nan fo lis elektoral yo, yo redui, vòlè vòt sitwayen yo. Mwen rete kwè se sèl sitwayen USA ki ta sipoze ka vote.

Konsèy Minisipal Distri 35

Demokrat, Fanmi k ap Travay yo

- Crystal Hudson 

 Badj sa a ap parèt si yon kandida ap patisipe nan pwogram Fon an Kontrepati vil Nouyòk la, ki ede kandida yo konte sou rezidan Vil Nouyòk yo—pa sou enterè espesyal—pou finanse kanpay yo. Aprann plis nan [paj 61](#).

Gid sa a bay lis tout kandida ki dwe parèt nan bilten vòt la nan moman biblikasyon an. Pou w wè lis kandida ki pi ajou yo, jwenn videoyo kandida yo, epi konpare pozisyon yo sou pwoblèm yo, vizite haitiancreole.nycvotes.org/candidates.



Crystal Hudson

Demokrat, Fanmi k ap Travay yo

3 pi gwo pwoblèm:

1. Lojman ki akse sou revni epi ki vini ak sipò
2. Adilt ki pi aje yo (Granmoun Aje)
3. Sekirite publik ak vyolans ak zam

“Mwen se yon twazyèm jenerasyon moun Brooklyn epi premye jenerasyon ameriken, k ap sèvi avèk fyète kòm Prezidan Komite Konsèy Minisipal la sou Vyeyisman. Mwen antre nan fonksyon publik la apre m fin pran swen defen manman m ki te fè maladi Alzheimer (Alzaymè). Mwen te konnen ke pèsonn pa t dwe gen pou lite jan fanmi m te lite a pou pran swen pwòch nou yo epi asire ke yo ka vyeyi yon fason sekirize, lakay yo epi avèk diyite. Mwen kontan dèské m gen opòtinite pou m retounen nan eleksyon ankò nan lane 2023 a, epi m ap toujou mennen yon kanpay ki santre sou lanmou, onètete ak entegrite.”

Pwofesyon pou kounye a: Manm Konsèy la

Pwofesyon anvan: Maketing Espòtif

Edikasyon: Spelman College; The George Washington University

Afilyasyon Òganizasyonèl: Lambda Independent Democrats of Brooklyn (LID); Working Families Party; NAACP

Eksperyans publik pase: Konsèy Minisipal New York ak Biwo Defansè Publik NYC Jumaane Williams

Enskri nan Pati: Demokrat

Konpare Kandida yo

Ane sa a, nou te mande kandida yo pou yo pataje pozisyon yo sou uit pwoblèm Nouyòkè yo te di ki pi enpòtan pou yo nan yon Sondaj ki sot pase nan Quinnipiac University: krim, enflasyon, pwoteksyon demokrasi, avòtman, lojman abòdab, sanzabri, inegalite rasyal, ak chanjman klimatik. Pou w konpare repons kandida yo sou kesyon sa yo, vizite haitiancreole.nycvotes.org/compare.

Chèche jwenn distri konsèy minisipal ou a sou findmypollsite.vote.nyc.

Crystal Hudson ✅

Demokrat, Fanmi k ap Travay yo

Kriminalite

Kominote yo pi byen konnen kisa ki kenbe yo sekirize. Nou dwe deplase resous vil la pou sipòte pwogram kominotè prevansyon kont vyalans yo, tankou Cure Violence, voye ekip pou konplete entèvansyon lè gen apèl sou sante mantal epi ofri pwogram ki pi solid pou jèn ki enplike nan lajistis yo.

Enflasyon

Nou dwe reponn ak pri k ap monte yo lè nou ogmante sipò pou bank alimantè yo ak gad manje yo, ofri alèjman enpò sou pwopriyete yo atravè ranbousman, sipòte yon salè desan epi sipòte konstriksyon lojman ki vreman abòdab, ki akse sou revni ki reponn ak bezwen kominote lokal yo.

Pwoteksyon Demokrasi

Nou dwe asire ke tout moun New York yo gen opòtinite pou yo vote epi pou yo tande vwa yo atravè adopsyon lwa sou enskripsyon nan jou a menm epi sou vòt moun ki absan yo san ekskiz, sa k ap pèmèt detantè kat rezidans yo vote nan eleksyon minisipal ak fè refòm Konsèy Elektoral la.

gade videyo kandida yo

Vizite Gid Elektè anliy nou an pou w ka jwenn plis enfòmasyon sou kandida yo! Antre adrès ou pou w ka jwenn kandida yo ki sou Bilten Vòt ou a, epi apresa gade pwofil yo pou w ka wè videyo kandida yo.

Eskane la oswa vizite haitiancreole.nycvotes.org/candidates



Konsèy Minisipal Distri 36

Demokrat, Fanmi k ap Travay yo

- Chi A Ossé

Badj sa a ap parèt si yon kandida ap patisipe nan pwogram Fon an Kontrepati vil Nouyòk la, ki ede kandida yo konte sou rezidan Vil Nouyòk yo—pa sou enterè espesyal—pou finanse kanpay yo. Aprann plis nan [paj 61](#).

Gid sa a bay lis tout kandida ki dwe parèt nan bilten vòt la nan moman biblikasyon an. Pou w wè lis kandida ki pi ajou yo, jwenn videoyo kandida yo, epi konpare pozisyon yo sou pwoblèm yo, vizite haitiancreole.nycvotes.org/candidates.



Chi A Ossé

Demokrat, Fanmi k ap Travay yo

3 pi gwo pwoblèm:

- Lojman Abòdab
- Asenisman ak RAT Yo!
- Sekirite Piblik

"Chi Ossé se Manm Konsèy la pou 36yèm Distri Vil New York la, k ap reprezante Bedford-Stuyvesant ak North Crown Heights. Li te antre nan politik antanke òganizatè epi pèsonalite dominan nan mouvman Black Lives Matter (Lavi Moun Nwa Enpòtan) a. Ossé te eli nan lane 2021 lè li te gen 23 lane, sa ki te fè l manm ki pi jèn nan Konsèy sa a epi sèl manm ki soti nan Jenerasyon Z la.

Ossé pran angajman pou l reponn ak bezwen kominate nou an, ki gen ladan l amelyore asenisman katye a, repanse sekirite piblik la, konstwi epi pwoteje lojman ki sekirize epi ki abòdab, fè pwomosyon devlopman ekonomik lokal la epi ranfòse lekòl nou yo."

Pwofesyon pou kounye a: Manm Konsèy minisipal la

Pwofesyon anvan: Travayè Endependan Kreyatif

Edikasyon: Friends School, Chapman University
(mwen ladan l aktyèlman)

Afilyasyon Òganizasyonèl: Okenn

Eksperyans piblik pase: Aktivis Kominotè

Enskri nan Pati: Demokrat

Konpare Kandida yo

Ane sa a, nou te mande kandida yo pou yo pataje pozisyon yo sou uit pwoblèm Nouyòkè yo te di ki pi enpòtan pou yo nan yon Sondaj ki sot pase nan Quinnipiac University: krim, enflasyon, pwoteksyon demokrasi, avòtman, lojman abòdab, sanzabri, inegalite rasyal, ak chanjman klimatik. Pou w konpare repons kandida yo sou kesyon sa yo, vizite haitiancreole.nycvotes.org/compare.

Chèche jwenn distri konsèy minisipal ou a sou findmypollsite.vote.nyc.

Chi A Ossé

Demokrat, Fanmi k ap Travay yo

Kriminalite

Pou diminye kriminalite nan vil nou an, nou dwe pran mezi preventif lè nou travay sou solisyon pou mete fen ak pòvrete - tankou finansman lojman abòdab, devlopman ekonomik, ogmantasyon aksesibilite ak edikasyon epi pwogram lit kont vyolans.

Enflasyon

Pandan ke enflasyon se yon pwoblèm federal, mwen te toujou yon defansè egalite richès lokal yo - kote nou asire ke moun New York ki pi rich yo peye pati ekitab yo a.

Pwoteksyon Demokrasi

Evènman 6 janvye yo parèt enposib nan yon vil ble tankou NYC, men kote ki gen laperèz ak move enfòmasyon toujou. Nou ka fè fas ak sa atravè finansman pwogram edikasyon sivik nan lekòl piblik nou yo epi dinamizasyon ak angajman pwochen jenerasyon elektè a.

**suiv
nyc
votes**

Ou kapab suiv NYC Votes pou w jwenn tout dènye mizajou sou eleksyon yo!

@nycvotes



Konsèy Minisipal Distri 37

Demokrat, Fanmi k ap Travay yo

- Sandy Nurse 

Republik, Konsèvatè, Libète Medikal

- Isaiah Orlando Vega 

 Badj sa a ap parèt si yon kandida ap patisipe nan pwogram Fon an Kontrepati vil Nouyòk la, ki ede kandida yo konte sou rezidan Vil Nouyòk yo—pa sou enterè espesyal—pou finanse kanpay yo. Aprann plis nan [paj 61](#).

Gid sa a bay lis tout kandida ki dwe parèt nan bilten vòt la nan moman biblikasyon an. Pou w wè lis kandida ki pi ajou yo, jwenn videoyo kandida yo, epi konpare pozisyon yo sou pwoblèm yo, vizite haitiancreole.nycvotes.org/candidates.



Sandy Nurse

Demokrat, Fanmi k ap Travay yo

3 pi gwo pwoblèm:

1. Lojman abòdab ak pwoteksyon pwopriyetè
2. Sekirite Piblik
3. Kwasans ekonomik dirab

"IMwen onore poutèt kowalisyon popilè ki dèyè m nan, ki gen ladan I òganizasyon pwogresis enstitisyonèl, sendika, gwoup ki baze sou idantite, granmoun aje ak moun ak fanmi k ap travay nan 37yèm distri a. Valè fondamantal mwen yo se respè, diyite ak detèminasyon kolektif. Mwen ap travay pou m fè pwoteksyon bazik pou moun avanse pou tout moun New York epi pou pèmèt tout moun ki majinalize yo jwenn diyite."

Pwofesyon pou kounye a: Konsèy Minisipal

Pwofesyon anvan yo: Fondatè, BK ROT; Kofondatè, Mayday Space; Chapant Enstriktè, Lekòl Agrikilti

Edikasyon: Invèsite New School - pwogram Metriz nan Lèt: Etid sou Konfli ak Sekirite; Emmanuel College - Lisans nan Lèt: Doub Espesyalizasyon nan Syans Politik, Kominikasyon

Afilyasyon Òganizasyonèl: Mayday Space, BK ROT, Pati Fanmi k ap Travay yo, Demokrat New Kings, Pwogrè lokal NY

Eksperyans piblik pase: Konsèy Minisipal

Enskri nan Pati: Demokrat



Isaiah Orlando Vega

Republiken, Konsèvatè, Libète Medikal

3 pi gwo pwoblèm:

1. Retabli Sekirite Piblik
2. Anpeche Fiti Manda Gouvènman yo
3. Netwaye kominote ak lari nou yo

“Vil nou an ap efondre e se moman pou n kanpe sa. Mwen te asiste vil nou an k ap depafini pandan dènye ane sa epi mwen te finalman deklare se ase. Se pa vil sa manman m te imigre a oswa kote m te grandi a.

Sa ki te reprezante yon kout lapè ak pwogrè jodi a tounen yon dezòd ki bon pou kriminalite, kote yon gouvènman tiranik ap dirije ki detèmine pou fini ak klas mwayèn nan. M p ap di anyen ankò. M p ap ka ret trankil toutotan nou pa reprann ak restore vil nou an.”

Pwofesyon pou kounye a: Ou p ap travay kounye a

Pwofesyon anvan yo: Direktè Kanpay, Konseye Kan, Travayè Eskolè, Travayè an detay

Edikasyon: Lisans nan Istwa - CUNY York College

Afilyasyon Òganizasyonèl: Non aplikab

Eksperyans piblik pase: Non aplikab

Enskri nan Pati: Republiken

resevwa alèt sou eleksyon yo



Enskri pou w resevwa alèt pou elekson yo pa mesaj tèks oswa pa imèl! Rete enfòme konsènan dat limit enpòtan yo ak kilè pou w vote.

Eskane la oswa vizite
nycvotes.org/stay-informed

Konpare Kandida yo

Ane sa a, nou te mande kandida yo pou yo pataje pozisyon yo sou uit pwoblèm Nouyòkè yo te di ki pi enpòtan pou yo nan yon Sondaj ki sot pase nan Quinnipiac University: krim, enflasyon, pwoteksyon demokrasi, avòtman, lojman abòdab, sanzabri, inegalite rasyal, ak chanjman klimatik. Pou w konpare repons kandida yo sou kesyon sa yo, vizite haitiancreole.nycvotes.org/compare.

Chèche jwenn distri konsèy minisipal ou a sou findmypollsite.vote.nyc.

Sandy Nurse ✅

Demokrat, Fanmi k ap Travay yo

Isaiah Orlando Vega ✅

Republikan, Konsèvatè, Libète Medikal

Kriminalite

Gen mal ki fèt nan kominote nou an nan plizyè fason: vòl ak pwopriyete, ekspilsyon ilegal, vyolans domestik, rediksyon nan pwogram publik yo ak lòt ankò. Mwen envesti ak sipòte pwogram k ap atake pwoblèm vyolans kominotè a nan rasin li, tankou aktivite pou jèn yo, sèvis pou fanmi yo ak lojman abòdab.

Tout moun konnen sa, tout moun santi sa - krim ap ogmante. Kòm Manm Konsèy Minisipal la, m ap sipòte polis nou an ak opoze ak ideyoloji pwogresis ki te lakoz anviwonnan sa ki bon pou kriminalite a.

Enflasyon

Enflasyon an frape vwazen nou yo ki nan klas ouvriye a epi gen anpil sosyete k ap monte pri yo sou nou. Nou bezwen yon salè minimòm ki pi wo, ki lye ak enflasyon an, epi plis envestisman nan asistans publik tankou SNAP ak koupon pou lojman pou ede fanmi k ap travay yo soti nan koze sanzabri a ak nan pòvrete.

Enflasyon an wo parapò ak jan sa te ye 3-4 lane pase, epi pwosperite ekonomik nou te konnen an disparèt. Nou dwe sove ti antrepriz nou yo pandan n ap pwopoze yo kontra 10 lane epi pandan n ap remete klas mwayèn nan kanpe gras ak yon bès nan enpo yo.

Pwoteksyon Demokrasi

Monte rasis nan peyi nou an ak monte gwoup rayisab fasis yo la a nan NYC alame m anpil. M ap enplike plis moun mwen kapab nan pwosesis demokratik sivik yo. Nou paka pèmèt tèt nou pou tout gen tout moun New York sa yo ki pa enplike ankò.

Pwoteje demokrasi a vle di pwoteje dwa konstitisyonèl nou yo. Pou ka viv lib, san manda, ak san menas pou pa pèdi lavi w si ou refize obeyi yo. Nou ka pwoteje demokrasi a lè nou restore ekzanpsyon reliye a ak travay moun ki te revoke akoz manda yo.

Konsèy Minisipal Distri 38

Demokrat, Fanmi k ap Travay yo

- Alexa Aviles 

Republik, Konsèvate

- Paul A Rodriguez 

 Badj sa a ap parèt si yon kandida ap patisipe nan pwogram Fon an Kontrepati vil Nouyòk la, ki ede kandida yo konte sou rezidan Vil Nouyòk yo—pa sou enterè espesyal—pou finanse kanpay yo. Aprann plis nan paj 61.

Gid sa a bay lis tout kandida ki dwe parèt nan bilten vòt la nan moman biblikasyon an. Pou w wè lis kandida ki pi ajou yo, jwenn video kandida yo, epi konpare pozisyon yo sou pwoblèm yo, vizite haitiancreole.nycvotes.org/candidates.



Alexa Aviles

Demokrat, Fanmi k ap Travay yo

3 pi gwo pwoblèm:

1. Finansman konplè lekòl piblik yo.
2. Garanti lojman pou tout moun.
3. Adopte yon bidjè ki akse sou moun.

“Mwen se yon “Boricua” (pòtorikèn) ki fyè, yon òganizatris edikasyon, yon manman ak yon sosyalis demokrat ki jwenn motivasyon m nan sèvis mwen bay kominate m nan.”

Pwofesyon pou kounye a: Manm Konsèy Minisipal Distri 38

Pwofesyon anvan yo: Mwen konsakre lavi m nan jistis sosyal kote m travay nan domèn zèv charite ak nan sektè ki pa gen objektif fè pwofi yo. Anvan tout bagay, mwen se yon manm kominate a ak yon paran òganizatè nan kominate sa a.

Edikasyon: Metriz nan Administrasyon Piblik, Baruch School of Public Affairs; Lisans nan Lèt, Columbia College of Columbia University

Afilyasyon Òganizasyonèl: Mwen se yon manm branch Vil New York Democratic Socialists of America a.

Eksperyans piblik pase: Anvan m te vin yon Manm Konsèy Minisipal la nan lane 2021, mwen te sèvi kòm manm nan Konsèy Kominotè Brooklyn 7 la, yon Reprezantan Paran nan Ekip Direksyon Lekòl MS 88 la, Prezidan PTA nan PS 172 ak Prezidan Komisyón pou Jèn NYC a.

Enskri nan Pati: Demokrat



Paul A Rodriguez ✅

Republiken, Konsèvatè

3 pi gwo pwoblèm:

1. Rann katye nou yo sekirize ankò
2. Elaji chwa ak posiblite yo nan sa ki konsène edikasyon
3. Bese chaj Ti Biznis yo.

"Mwen prezante m nan Konsèy Minisipal la paske vil nou an ap efondre. Kriminalite a ap ogmante, sanzabri nan tout katye yo, lekòl yo neglige timoun yo epi kalite lavi nou ap mennen an detwi. Nou dwe nome moun ki pran angajman pou chanje sitiyasyon sa a."

Pwofesyon pou kounye a: Pwofesyonèl devlopman òganizasyon san bi likratif yo

Pwofesyon anvan yo: Bankye; Analis aksyon ak kredi; konseye finansye

Edikasyon: Lisans nan ekonomi ak etid politik mondal, Invèsite Georgia, Bous etid nan ekonomi, Stanford

Afilyasyon Òganizasyonèl: Vis Prezidan asanble ispanik republiken Eta Nouyòk la; ansyen manm konsèy administrasyon chanm komès ispanik Brooklyn (Konte Kings); ansyen konseye èd pou timoun yo.

Eksperyans publik pase: Kandida pou pòs kontwolè Eta Nouyòk (2022); Kandida pou pòs kontwolè Eta Nouyòk (2021); Kandida chanm reprezantan Etazini - NY12 (2004); Prezidan klèb jèn republiken Nouyòk yo.

Enskri nan Pati: Republiken

prepare biltén vòt ou a

Ou fin chwazi kandida w yo?
Make chwa w yo epi ale ak yo
nan biwo vòt ou a!



Eskane la oswa vizite
[haitiancreole.nycvotes.org/
plan-your-ballot](https://haitiancreole.nycvotes.org/plan-your-ballot)

Konpare Kandida yo

Ane sa a, nou te mande kandida yo pou yo pataje pozisyon yo sou uit pwoblèm Nouyòkè yo te di ki pi enpòtan pou yo nan yon Sondaj ki sot pase nan Quinnipiac University: krim, enflasyon, pwoteksyon demokrasi, avòtman, lojman abòdab, sanzabri, inegalite rasyal, ak chanjman klimatik. Pou w konpare repons kandida yo sou kesyon sa yo, vizite haitiancreole.nycvotes.org/compare.

Chèche jwenn distri konsèy minisipal ou a sou findmypollsite.vote.nyc.

Alexa Aviles ✅

Demokrat, Fanmi k ap Travay yo

Paul A Rodriguez ✅

Republikan, Konsèvatè

Kriminalite

Nou dwe envesti nan rediksyon kondisyon ki antrene krim, tankou pòvrete ak mank anplwa. Nou itilize lapolis ak prizon pou fè travay travayè sosyal yo, edikatè yo ak pwofesyonèl swen sante yo. Nou bezwen pwogram ki baze sou prèv konkrè ki estabilize moun epi ki ba yo sa yo bezwen.

Sekirite Piblik la enpòtan anpil pou sosyete a ak ekonomi an grandi. M ap goumen pou m chanje politik ki manke eklere yo tankou libète sou kosyon san nimerè ak sipresyon sibvansyon lapolis la. Olye de sa nou dwe retounen ak politik k ap soutni lapolis la epi ki mete ak kenbe kriminèl yo nan prizon.

Enflasyon

Pandan ke pri pwovizyon alimantè ak lwave monte anflèch pandan ane ki sot pase yo, gwo antrepriz yo kontinye fè benefis nan nivo ki san presedan. Nou dwe reprime vorasite antrepriz yo epi sipòte òganizasyon espas travay yo pou gen pi bon salè ak avantaj sosyal.

Enflasyon an ki pa sispann monte depi plizyè dizèn lane fè tout pwodui yo vin pi chè, soti sou manje rive pran paye, pase nan matryèl konstriksyon yo. Salè yo ak tretman yo pa monte yo menm, sa ki vin agrave depans yo. Ogmantasyon enpo yo ak nivo depans enterè yo pa solisyon an, solisyon an se diminye depans piblik yo.

Pwoteksyon Demokrasi

Nou dwe ogmante finansman pou ranfòse enfrastrikti lokal angajman sivik la ki pral angaje nan edikasyon, sansibilizasyon ak aktivasyon piblik la pandan tout ane a. Sa gen ladan l ofri resous pou fòme epi kenbe bon kalite travayè elektoral.

Anpil pwogresis panse ou dwe elimine libète ekspresyon ak konstitisyon an pou yo kapab pwoteje demokrasi. Yo tronpe yo. Demokrasi siviv devan tirani sèlman nan diskisyon lib ki louvri pou tout moun bay lide yo menm si lide sa yo kapab gen kontestasyon oswa yo kapab pwoblematik.

Konsèy Minisipal Distri 39

Demokrat, Fanmi k ap Travay yo

- Shahana K Hanif 

Republik, Konsèvatè, Libète Medikal

- Arkadiusz T Tomaszewski 

 Badj sa a ap parèt si yon kandida ap patisipe nan pwogram Fon an Kontrepati vil Nouyòk la, ki ede kandida yo konte sou rezidan Vil Nouyòk yo—pa sou enterè espesyal—pou finanse kanpay yo. Aprann plis nan [paj 61](#).

Gid sa a bay lis tout kandida ki dwe parèt nan bilten vòt la nan moman biblikasyon an. Pou w wè lis kandida ki pi ajou yo, jwenn videoyo kandida yo, epi konpare pozisyon yo sou pwoblèm yo, vizite haitiancreole.nycvotes.org/candidates.



Shahana K Hanif

Demokrat, Fanmi k ap Travay yo

3 pi gwo pwoblèm:

- Ofri finansman konplè pou lekòl piblik nou yo
- Sekirite pou pyeton ak siklis nan lari
- Devlope sèvis sante mantal yo

"Mwen se yon kandida ke Working Families Party apwouve. Depi lè m antre an fonksyon an, m ap sèvi kòm Prezidan Komite Imigrasyon an ak ko-prezidan Gwoup Politik Pwogresis la. Nan jou ki te vin annapre ranvèsman Roe v. Wade yo, mwen menm ak ekip mwen an te jwenn 1 milyon dola finansman pou pwosedi avòtman yo ak sipò pratik. Sa a se pi gwo envestisman yon minisipalite reyalize. Mwen te bay 10 milyon dola tou pou gadri pou timoun pou fanmi ki san papye yo. Biwo m nan ansanm avèk mwen prezan epi atantif ak divès pwoblèm ak kominate nan distri a."

Pwofesyon pou kounye a: Kandida

Pwofesyon anvan yo: Direktè Òganizasyon ak Angajman Kominotè nan biwo Manm Konsèy Brad Lander

Edikasyon: CUNY Brooklyn College

Afilyasyon Òganizasyonèl: Working Families Party, Sunrise NYC

Eksperyans piblik pase: Ansyen manm Komisyón Kominotè 12

Enskri nan Pati: Demokrat



Arkadiusz T Tomaszewski ✅

Republiken, Konsèvatè, Libète Medikal

3 pi gwo pwoblèm:

1. Pwoteje dwa konstitisyonèl nou yo
2. Garanti libète chwa medikal
3. Sipòte Nouyòk nan diminye nivo kriminalite

"M ap viv Brooklyn depi plis pase 30 lane kòm aktivis epi òganizatè. Li lè pou tout sitwayen ki konsène yo angaje yo politikman; mwen vle vini ak chanjman reyèl pou byen biblik la, defann dwa nou yo epi asire lidèchip la - epi mwen konn kijan pou m bay moun yo mwayen pou yo riposte."

Pwofesyon pou kounye a: retrete

Pwofesyon anvan: Bòs chapant

Edikasyon: Diplòm Mekanisyen (Polòy)

Afilyasyon Òganizasyonèl: National Mobilization Against Sweatshops; Medical Freedom Alliance

Eksperyans biblik pase: N/A

Enskri nan Pati: Republiken

konpare kandida yo



Vizite Gid Elektè anliy nou an pou w ka wè pozisyon kandida yo konsènan pwoblèm ki pi enpòtan pou ou yo, epi konpare opinyon yo.

Eskane la oswa vizite haitiancreole.nycvotes.org/compare

Konpare Kandida yo

Ane sa a, nou te mande kandida yo pou yo pataje pozisyon yo sou uit pwoblèm Nouyòkè yo te di ki pi enpòtan pou yo nan yon Sondaj ki sot pase nan Quinnipiac University: krim, enflasyon, pwoteksyon demokrasi, avòtman, lojman abòdab, sanzabri, inegalite rasyal, ak chanjman klimatik. Pou w konpare repons kandida yo sou kesyon sa yo, vizite haitiancreole.nycvotes.org/compare.

Chèche jwenn distri konsèy minisipal ou a sou findmypollsite.vote.nyc.

Shahana K Hanif ✅

Demokrat, Fanmi k ap Travay yo

Arkadiusz T Tomaszewski ✅

Republikan, Konsèvatè, Libète Medikal

Kriminalite

Mwen pran angajman pou m asire sekirite publik avèk zouti ki fè plis pase jis bay aparans sekirite a. Nou bezwen solisyon ki akse sou kominate a pou lite kont vyolans ak zam. Epitou, nou bezwen vre envestisman nan lojman, swen sante ak edikasyon pou abòde kòz fondamantal kriminalite yo.

Pou diminye kriminalite a, mwen ap bat pou m ede vwazen nou yo kreye ti antrepriz ak plizyè travay, yon fason pou chak moun kapab genyen yon travay ki gen sans epi kote yo kapab jwenn satisfaksyon.

Enflasyon

Y ap mete fanmi k ap travay yo, moun ki nan klas ouvriyè yo deyò poutèt enflasyon ak bidjè ki rijid. M ap lite pou m ranfose sèvis sosyal ki solid, lojman ki abòdab ak finansman konplè pou lekòl publik nou yo ak CUNY. Mwen pran angajman pou m fòme yon Vil ki ankre nan diyite.

Depi kòmansman ane 2020 an, rezèv federal la te enprime plizyè milya dola, sa ki te devalorize lajan nou an, pandan ti biznis yo te fèmen nan vil Nouyòk.

Pwoteksyon Demokrasi

Pwoteksyon demokrasi nesesite pou rann gouvènman an pi transparan. Mwen dirije Bidjè Patisipatif (PB) la ki demokratize pouvwa sou fon publik yo epi ki te antrene reyenvestisman kritik epi kreyatif nan lekòl nou yo, lari nou yo ak pak nou yo ke moun yo te konsevwa epi vote pou yo.

Si nou pa pwoteje Konstitisyon an nou pa kapab genyen demokras.

gade videyo kandida yo

Vizite Gid Elektè anliy nou an pou w ka jwenn plis enfòmasyon sou kandida yo! Antre adrès ou pou w ka jwenn kandida yo ki sou Biltén Vòt ou a, epi apresa gade pwofil yo pou w ka wè videyo kandida yo.



Eskane la oswa vizite
[haitiancreole.nycvotes.org/
candidates](http://haitiancreole.nycvotes.org/candidates)

Konsèy Minisipal Distri 40

Demokrat, Fanmi k ap Travay yo

- Rita C Joseph 

Libète Medikal

- Daniel B Lally*

 Badj sa a ap parèt si yon kandida ap patisipe nan pwogram Fon an Kontrepati vil Nouyòk la, ki ede kandida yo konte sou rezidan Vil Nouyòk yo—pa sou enterè espesyal—pou finanse kanpay yo. Aprann plis nan [paj 61](#).

Gid sa a bay lis tout kandida ki dwe parèt nan bilten vòt la nan moman biblikasyon an. Pou w wè lis kandida ki pi ajou yo, jwenn videoyo kandida yo, epi konpare pozisyon yo sou pwoblèm yo, vizite haitiancreole.nycvotes.org/candidates.

* Kandida a pa t soumèt yon pwofil konplè pou yo te ka mete l nan Gid Elektè sa a.



Rita C Joseph

Demokrat, Fanmi k ap Travay yo

"Nan sèlman 2 lane nan fonksyon an, mwen te rive ogmante finansman pou lekòl biblik nou yo gras ak amelyorasyon bibliyotèk yo, teknoloji a ak pwogram apre lekòl yo. Epitou, biwo m nan te rive devlope pwogram kominotè pou granmoun aje yo, adopte mezi pou pwoteje ti antrepriz yo epi envesti nan plis espas vèt. Antanke manman, envestisman nou nan sante matènèl yo te enpòtan anpil pou mwen tou. Pwogrè nou te fè yo fè m kontan epi mwen paka tann pou m kontinye travay la."

3 pi gwo pwoblèm:

- Bay finansman konplè pou edikasyon biblik
- Ogmante responsabilite nan sa ki gen rapò ak sekirite biblik
- Amelyore pwòpte lari a ak distri a

Pwofesyon pou kounye a: Manm Konsèy Minisipal New York

Pwofesyon anvan: Edikatè, PS6 Brooklyn

Edikasyon: Lisans nan Syans - St. Francis College Doub Metriz nan Edikasyon Jeneral ak Espesyal - Touro College

Afilyasyon Òganizasyonèl: UFT

Eksperyans biblik pase: Mwen te okipe fonksyon Prezidan Konsèy Konsilitatif Katye a. Mwen sèvi nan Komite Bidjetizasyon Patisipatif Vil la.

Enskri nan Pati: Demokrat

Konpare Kandida yo

Ane sa a, nou te mande kandida yo pou yo pataje pozisyon yo sou uit pwoblèm Nouyòkè yo te di ki pi enpòtan pou yo nan yon Sondaj ki sot pase nan Quinnipiac University: krim, enflasyon, pwoteksyon demokrasi, avòtman, lojman abòdab, sanzabri, inegalite rasyal, ak chanjman klimatik. Pou w konpare repons kandida yo sou kesyon sa yo, vizite haitiancreole.nycvotes.org/compare.

Chèche jwenn distri konsèy minisipal ou a sou findmypollsite.vote.nyc.

Rita C Joseph ✅

Demokrat, Fanmi k ap Travay yo

Daniel B Lally*

Libète Medikal

Kriminalite

Nou bezwen yon apwòch global pou konbat kriminalite nan NYC. Anplis devlopman lapolis kominotè a ak responsabilizasyon NYPD, nou bezwen nouvo altènativ pou abòde pwoblèm yo ak pwogram kominotè pou abòde pwoblèm fondamantal yo - edikasyon, travay, sante mantal ak lòt ankò.

Kandida a pa soumèt repons pou kesyon sa a.

Enflasyon

Mwen prevwa travay ak kòlèg mwen yo ki nan gouvènman eta ak federal yo pou asire n ap bay sekou tout kote sa posib pou ede fanmi k ap travay yo gen yon pi bon kapasite pou yo kapab reponn ak bezwen lavi chak jou yo - tankou pwovizyon alimantè, lojman, transpò ak lòt ankò.

Kandida a pa soumèt repons pou kesyon sa a.

Pwoteksyon Demokrasi

Demokrasi nou an ap sibi atak nan men Repiblik yo tout kote nan peyi sa a. New York dwe kanpe tankou yon gid pou demokrasi atravè ekspansyon ak pwoteksyon dwa pou vote yo pou tout moun New York. Nou dwe etann vòt alavans, vòt moun ki absan, enskripsyon jou a menm ak lòt ankò.

Kandida a pa soumèt repons pou kesyon sa a.

Konsèy Minisipal Distri 41

Demokrat

- Darlene Mealy 

 Badj sa a ap parèt si yon kandida ap patisipe nan pwogram Fon an Kontrepati vil Nouyòk la, ki ede kandida yo konte sou rezidan Vil Nouyòk yo—pa sou enterè espesyal—pou finanse kanpay yo. Aprann plis nan [paj 61](#).

Gid sa a bay lis tout kandida ki dwe parèt nan bilten vòt la nan moman biblikasyon an. Pou w wè lis kandida ki pi ajou yo, jwenn videoyo kandida yo, epi konpare pozisyon yo sou pwoblèm yo, vizite haitiancreole.nycvotes.org/candidates.



“Mwen gen plis pase 12 ane eksperyans nan fonksyon gouvènmantal yo avèk rezulta ki pwouve mwen se yon pyonye nan chanjman pozitif pou lavi jèn yo, granmoun yo ak moun aje 41yèm distri Konsèy la.”

Darlene Mealy

Demokrat

3 pi gwo pwoblèm:

1. Ensekrite alimantè
2. Kriminalite
3. Lojman abòdab ak ti antrepriz

Pwofesyon pou kounye a: Manm Konsèy la

Pwofesyon anvan yo: Otorite transpò vil New York City, DC 37

Edikasyon: George W. Wingate, lekòl segondè, Borough of Manhattan Community College, Invèsite Cornell

Afilyasyon Òganizasyonèl: Komite egzekitif Pati Demokrat Brooklyn, Klèb Demokrat New Grassroots Democratic Club

Eksperyans publik pase: Manm konsèy minisipal 41yèm distri vil New York, 3 manda, Manm komite eta New York, Chèf Distri Feminin, 55yèm Distri Asanble a

Enskri nan Pati: Demokrat

Konpare Kandida yo

Ane sa a, nou te mande kandida yo pou yo pataje pozisyon yo sou uit pwoblèm Nouyòkè yo te di ki pi enpòtan pou yo nan yon Sondaj ki sot pase nan Quinnipiac University: krim, enflasyon, pwoteksyon demokrasi, avòtman, lojman abòdab, sanzabri, inegalite rasyal, ak chanjman klimatik. Pou w konpare repons kandida yo sou kesyon sa yo, vizite haitiancreole.nycvotes.org/compare.

Chèche jwenn distri konsèy minisipal ou a sou findmypollsite.vote.nyc.

Darlene Mealy ⓘ

Demokrat

Kriminalite

Mealy pou pèp la pral aliman ak sipòte Òganizasyon Jesyon Kriz, Inisyativ Sante Mantal ak Pwogram Reyabilitasyon pou ede nan mennen nivo kriminalite nan yon ba tout tan nan 41yèm Distri Konsèy la.

Enflasyon

Enflasyon an pa t janm monte konsa pou rezon pandemi. M ap amonize epi sipòte tout inisyativ vil la ak gouvènman federal la ap pran pou ede redui dèt la.

Pwoteksyon Demokrasi

Depi m fin re-eli m ap kontinye batay pou asire demokrasi nou an jis epi ekiibre pa sèlman pou kèk men pou “tout moun”!

resevwa alèt sou eleksyon yo

Enskri pou w resevwa alèt pou eleksyon yo pa mesaj tèks oswa pa imèl! Rete enfòme konsènan dat limit enpòtan yo ak kilè pou w vote.

Eskane la oswa vizite nycvotes.org/stay-informed



Konsèy Minisipal Distri 42

Demokrat

- Chris Banks 

 Badj sa a ap parèt si yon kandida ap patisipe nan pwogram Fon an Kontrepati vil Nouyòk la, ki ede kandida yo konte sou rezidan Vil Nouyòk yo—pa sou enterè espesyal—pou finanse kanpay yo. Aprann plis nan [paj 61](#).

Gid sa a bay lis tout kandida ki dwe parèt nan bilten vòt la nan moman biblikasyon an. Pou w wè lis kandida ki pi ajou yo, jwenn videoyo kandida yo, epi konpare pozisyon yo sou pwoblèm yo, vizite haitiancreole.nycvotes.org/candidates.



Chris Banks

Demokrat

3 pi gwo pwoblèm:

- Abòde Enkyetid sou Sekirite Piblik yo
- Kreye Opsyon Lojman ki Vreman Abòdab
- Kreye Pwogram pou Granmoun Aje yo ak Jèn yo

“Antanke yon rezidan Distri 42 nan Lès New York la pandan tout lavi m, mwen pral konbine eksperyans mwen viv ak relasyon mwen devlope nan distri a pandan m ap travay an kolaborasyon avèk aktè yo pou m abòde pwoblèm kominote nou an ap konfwonte yo. Difilikte kominote nou ap konfwonte yo ka rezoud gras ak yon vizyon kolektif epi ak kreyasyon patenarya avèk moun ak enstitisyon ki pran angajman pou amelyore avni distri nou di ki se lakay nou an.”

Pwofesyon pou kounye a: Travayè Endepandan

Pwofesyon anvan yo: Direktè Jeneral, East New York United Concerned Citizens Inc.

Edikasyon: Diplòm Asosye nan Etid Jiridik, John Jay College

Afilyasyon Òganizasyonèl: Prezidan Konsèy, Boulevard Houses Nursery Day Care, Prezidan Van Siclen Block Assoc.

Eksperyans piblik pase: Prezidan 75yèm Sikonskripsyon Elektoral la, Sèjan Dam ak ansyen ko-prezidan komite pou Vyeyisman, Transpò ak Edikasyon yo, BK CB5

Enskri nan Pati: Demokrat

Konpare Kandida yo

Ane sa a, nou te mande kandida yo pou yo pataje pozisyon yo sou uit pwoblèm Nouyòkè yo te di ki pi enpòtan pou yo nan yon Sondaj ki sot pase nan Quinnipiac University: krim, enflasyon, pwoteksyon demokrasi, avòtman, lojman abòdab, sanzabri, inegalite rasyal, ak chanjman klimatik. Pou w konpare repons kandida yo sou kesyon sa yo, vizite haitiancreole.nycvotes.org/compare.

Chèche jwenn distri konsèy minisipal ou a sou findmypollsite.vote.nyc.

Chris Banks ✅

Demokrat

Kriminalite

Kriminalite se yon preyokipasyon prensipal pou anpil rezidan ak aktè Distri 42 a. Nou paka asire sekirite nou ak lapolis sèlman. Lit kont krim yo nesesite apwòch ki baze sou bon sans kote fòs lòd yo wè rezidan yo tankou patnè ke yo gen responsabilite fas ak yo.

Enflasyon

Enflasyon gen yon gwo enpak negatif sou kominote tankou Distri 42 yo kote anpil grannoun aje abite epi viv sou yon revni fiks. Gouvènman an dwe itilize tout zouti ki genyen nan asenal lejislatif la pou konbat enflasyon epi rann kominote nou yo pi abòdab posib.

Pwoteksyon Demokrasi

Demokrasi nou an se fondasyon ke sosyete nou an batí sou li a. Pandan dènye tan yo li sibi menas avèk atak dirèk, kidonk fòk nou pwoteje l kèlkeswa fason an.

prepare biltén vòt ou a

Ou fin chwazi kandida w yo?
Make chwa w yo epi ale ak yo nan biwo vòt ou a!

Eskane la oswa vizite haitiancreole.nycvotes.org/plan-your-ballot



Konsèy Minisipal Distri 43

Demokrat

- Susan Zhuang 

Republikan

- Ying Tan 

Konsèvatè

- Vito J Labela 

 Badj sa a ap parèt si yon kandida ap patisipe nan pwogram Fon an Kontrepati vil Nouyòk la, ki ede kandida yo konte sou rezidan Vil Nouyòk yo—pa sou enterè espesyal—pou finanse kanpay yo. Aprann plis nan [paj 61](#).

Gid sa a bay lis tout kandida ki dwe parèt nan bilten vòt la nan moman publikasyon an. Pou w wè lis kandida ki pi ajou yo, jwenn video kandida yo, epi konpare pozisyon yo sou pwoblèm yo, vizite haitiancreole.nycvotes.org/candidates.



Susan Zhuang

Demokrat

3 pi gwo pwoblèm:

- Rann katye nou yo pi sekirize
- Asire bon kalite edikasyon pou tout moun
- Amelyore kalite lavi nou

“Kòm yon manman de timoun piti, kòm yon paran nan lekòl publik, epi kòm Chèf pèsonèl Manm Asanble William Colton nan, sa fè plizyè lane depi m ap batay pou pwoblèm komunitè nan pati Sid Brooklyn. Nou bezwen yon konbatan pou fè komunitè nou yo vin pi sekirize, pou ranfòse lekòl nou yo epi asire nou tout ka reyisi.”

Pwofesyon pou kounye a: Chèf Kabinè Manm Asanble Eta New York William Colton

Pwofesyon anvan: Analis Etid Mache

Edikasyon: Southern Indiana University, Metriz nan Administrasyon Antrepriz nan Analiz Done SUNY-Oswego, Lisans nan Finans ak Estatistik Aplike

Afilyasyon Òganizasyonèl: Manm Asosyasyon Asian-American Pacific Islander Public Affairs Association, Manm Konsèy-AAGG PAC, Fondatè-Leaders of Tomorrow, Ansyen Vis Prezidan-Brooklyn United Progressive Democratic Club, Ansyen Vis Prezidan/Fondatè-Young Democrats of Southern Brooklyn Political Club

Eksperyans publik pase: aktivis komunitè

Enskri nan Pati: Demokrat



“Ekip nou an pral lite plis pou byen kominote a epi retabli sekirite ak bon sans.”

Pwofesyon pou kounye a: Kanpay a plen tan

Pwofesyon anvan yo: Sèvis pou moun ki antre nan laj

Edikasyon: Lekòl segondè

Afilyasyon Òganizasyonèl: N/A

Eksperyans publik pase: N/A

Enskri nan Pati: Republiken

Ying Tan

Republiken

3 pi gwo pwoblèm:

1. Sekirite Publik
2. Pwoteksyon moun ki antre nan laj yo
3. Bon Kalite Edikasyon



“Mwen fèt e mwen grandi nan Bay Ridge, Brooklyn. Mwen sèvi kominote mwen an antanke ofisyè polis epi defansè edikasyon, mwen pran pansyon kòm lyetnan nan NYPD aprè 32 zan sèvis.

Mwen t ap batay pou akselere edikasyon ak ogmante transparans ak responsabilite nan sistèm lekòl publik yo nan vil la.

Mwen genyen bonjan eksperyans ak konesans nan domèn polis AK edikasyon. Mwen kapab avèk tout konfyans afime mwen se meyè kandida pou 43 zyèm Distri a.”

Pwofesyon pou kounye a: Retrete

Pwofesyon anvan yo: Lyezon Kominotè, AM Lester Chang, Lyetnan, NYPD (Retrete)

Edikasyon: Lisans nan Creighton University

Afilyasyon Òganizasyonèl: LBA, AEA, AFTRA, SAG

Eksperyans publik pase: Kandida pou senatè Nouyòk an 2022, distri 17, Reprezantan Eli CEC 20, Ko-Fondatè PLACE nan Vil Nouyòk, Prezidan PTO, IS187, ekip de direksyon nan Brooklyn Technical HS.

Enskri nan Pati: Republiken

Konpare Kandida yo

Ane sa a, nou te mande kandida yo pou yo pataje pozisyon yo sou uit pwoblèm Nouyòkè yo te di ki pi enpòtan pou yo nan yon Sondaj ki sot pase nan Quinnipiac University: krim, enflasyon, pwoteksyon demokrasi, avòtman, lojman abòdab, sanzabri, inegalite rasyal, ak chanjman klimatik. Pou w konpare repons kandida yo sou kesyon sa yo, vizite haitiancreole.nycvotes.org/compare.

Chèche jwenn distri konsèy minisipal ou a sou findmypollsite.vote.nyc.

Susan Zhuang ✅

Demokrat

Ying Tan ✅

Republikan

Kriminalite

Nou dwe sipòte polis nou an pou n fè vil nou an vin pi sekirize. Nou dwe asosye nou ak gwoup antivyolans lokal yo pou retire zam yo nan lari nou yo, fè fas ak kriz sante mantal la, kreye sanksyon ki pi sevè pou frennen krim rayisab yo ak atak ki baze sou prejije, yo epi finanse totalman NYPD.

Nou ta dwe goumen kont krim lè nou 1. ogmante finansman lapolis la 2. fini ak refòm Liberasyon sou Kosyon an 3. mete sou pye yon polis kominotè. 4. Responsabilizasyon DA a

Enflasyon

Nou dwe responsabilize antrepriz yo ak sèvis publik yo pou pri abizif yo epi asire ke yo pap eksplwate konsomatè yo. Nou dwe tou frennen enflasyon an ki nui fanmi k ap travay yo plis.

Sa kapab itil lè w asire w gouvènman fè depans li yo nan kondisyon ki awopriye. An menm tan, nou dwe bay moun ki genyen salè fiks yo plis resous pou pèmèt yo achte materyèl premye nesesite yo. Rann pwosesis reglemantasyon pwopriyetè kay yo ak ti antrepriz yo pi kout.

Pwoteksyon Demokrasi

Tantativ ekstremité yo pou anile eleksyon lib epi ekitab yo dwe yon siyal alam pou tout moun ki gen sousi pou demokrasi. Nou dwe ogmante aksè ak facilite pou vote epi pwoteje dwa pou vote chak elektè ki elijib.

Mwen santi nou p ap travay ase pou edike jenerasyon abitan New York k ap vini an sou liy demokrasi. Pozisyon m se mete sou pye pwogram edikasyon sivik ki solid nan lekòl k ap anseye valè, prensip ak liye demokratik yo.

Vito J Labelle ✅

Konsèvatè

Pèmèt jij yo pran konsyans de danje ki genyen lè yo deside plase yon moun nan detansyon pwovizwa.

Finanse resous pou tretman dwòg ak sante mantal epi aplike lwa Kendra a.

Ankouraje DA konte King lan pousuiv residivis ak delenkan vyolan yo nan nivo yo kapab.

NYC bezwen evite fè eksè nan depans yo pou evite kontribye nan presyon enflasyon an epi rasyonalize reglementasyon yo ki ka anpeche ekonomi an avanse epi ogmante lavi chè a. Rediksyon obstak biwokratik yo kapab favorize ekspansyon biznis yo epi diminye enpak enflasyon an.

Menmjan ak fasilitè elektè yo vote, entegrite bilten vòt yo esansyèl tou pou pwosesis demokrasi a. Vòt inivèsèl pa korespondans ak rekiperasyon bilten vòt yo ta dwe eksepsyonn an, se pa règ la.

konpare kandida yo

Vizite Gid Elektè anlyi nou an pou w ka wè pozisyon kandida yo konsènan pwoblèm ki pi enpòtan pou ou yo, epi konpare opinyon yo.



Eskane la oswa vizite haitiancreole.nycvotes.org/compare

Konsèy Minisipal Distri 44

Demokrat, Repiblikan, Konsèvatè

- Kalman Yeger 

Boro Park Flatbh

- Heshy Tischler 

 Badj sa a ap parèt si yon kandida ap patisipe nan pwogram Fon an Kontrepati vil Nouyòk la, ki ede kandida yo konte sou rezidan Vil Nouyòk yo—pa sou enterè espesyal—pou finanse kanpay yo. Aprann plis nan [paj 61](#).

Gid sa a bay lis tout kandida ki dwe parèt nan bilten vòt la nan moman publikasyon an. Pou w wè lis kandida ki pi ajou yo, jwenn video kandida yo, epi konpare pozisyon yo sou pwoblèm yo, vizite haitiancreole.nycvotes.org/candidates.



Kalman Yeger

Demokrat, Repiblikan, Konsèvatè

3 pi gwo pwoblèm:

1. .
2. .
3. .

“Pa gen lòt moun k ap goumen nan nivo sa a pou kominate nou an. Mwen ap goumen kont tout moun ki vle koupe finansman epi detui polis Nouyòk la. M te toujou kont ogmantasyon enpo yo epi mwen te toujou goumen pou abitan Nouyòk yo benefisyé alokasyon ak egzansyon yo.

Mwen te bay plizyè dizèn milyon dola pou katye nou yo, pou konstriksyon enstitisyon nou yo, pou finanse sèvis ijans yo, pou reparé pak ak lari nou yo epi pou mete sekirite nan kominate nou yo.

Mwen TOUJOU kanpe kont moun ki vle nwi kominate nou an epi mwen TOUJOU mete moun avan politik. Se moun sa mwen ye epi se moun sa m ap toujou ye, kòm vwa bon sans ak rezon nan Meri a.”

Pwofesyon pou kounye a: Konseye minisipal

Pwofesyon anvan: Avoka

Edikasyon: Fakulte dwa Nouyòk, Touro College

Afilyasyon Òganizasyonèl: .

Eksperyans publik pase: Manm Konsèy Kominotè, Biwo Prezidan Awondisman an

Enskri nan Pati: Demokrat



Heshy Tischler ✅

Boro Park Flatbh

3 pi gwo pwoblèm:

1. Finanse NYPD a nèt
2. Diminye nan taks yo/ depans kotidyen yo
3. Pwoteje libète ak libète reliyon

"Heshy Tischler ap yon vwa solid pou bezwen ijan Brooklyn yo nan Konsèy Minisipal Nouyòk la. Kanpay li an ale nan sans kontré politik kowonpi pati lokal yo epi li gen pou objektif rann vil la plis dinamik pandan l ap diminye fòmalite administratif yo, diminye enpo yo epi lite kont krim rayisman yo. Li valorize libète endivididyèl yo, an patikilye aprè COVID la, li soutni NYPD epi vle amelyore kalite lavi nou ak sekirite piblik la."

Pwofesyon pou kounye a: Ekspeditè/animatè komunitè/animatè radyo

Pwofesyon anvan: Antreprenè

Edikasyon: Lisans, Talmudical Academy of New Jersey

Afilyasyon Òganizasyonèl: N/A

Eksperyans piblik pase: N/A

Enskri nan Pati: Republiken

gade videyo kandida yo



Vizite Gid Elektè anliy nou an pou w ka jwenn plis enfòmasyon sou kandida yo! Antre adrès ou pou w ka jwenn kandida yo ki sou Bilten Vòt ou a, epi apresa gade pwofil yo pou w ka wè videyo kandida yo.

Eskane la oswa vizite haitiancreole.nycvotes.org/candidates

Konpare Kandida yo

Ane sa a, nou te mande kandida yo pou yo pataje pozisyon yo sou uit pwoblèm Nouyòkè yo te di ki pi enpòtan pou yo nan yon Sondaj ki sot pase nan Quinnipiac University: krim, enflasyon, pwoteksyon demokrasi, avòtman, lojman abòdab, sanzabri, inegalite rasyal, ak chanjman klimatik. Pou w konpare repons kandida yo sou kesyon sa yo, vizite haitiancreole.nycvotes.org/compare.

Chèche jwenn distri Konsèy Minisipal ou a sou findmypollsite.vote.nyc.

Kalman Yeger

Demokrat, Repiblikan, Konsèvèt

Heshy Tischler

Boro Park Flatbh

Kriminalite

Kandida a pa soumèt repons pou kesyon sa a.

Heshy vle revize kesyon liberasyon sou kosyon vil Nouyòk la epi mete fen nan sa. Li konnen pwoblèm ki afekte lavi publik la epi li vle pou lajistik penal genyen yon apwòch ekitab. Li ensiste pou yo finanse NYPD a nèt yon fason pou asire sekirite nan komunitate yo, pou bay ajan yo mwayen pou yo fè prevansyon kont kriminalite epi amelyore kalite lavi moun yo.

Enflasyon

Kandida a pa soumèt repons pou kesyon sa a.

Heshy mete aksan sou lavi chè nan Nouyòk akoz taks sou telefòn yo ak sèvis publik yo, ak ogmantasyon taks sou lavant k ap bay travayè yo pwoblèm. Ak posibilité pou takse chofè Brooklyn yo pou yo randre nan Manhattan, li pare pou l goumen kont ogmantasyon taks pou avni yon vil abòdab pou tout moun.

Pwoteksyon Demokrasi

Kandida a pa soumèt repons pou kesyon sa a.

Pwogram sivik: pou anseye timoun yo valè demokratik, panse kritik ak angajman responsab pou yo vin sitwayen fòme. Sa se baz pou patisipasyon aktif, divès pèsppektiv epi asire avni demokrasi a nan Nouyòk, nan Eta nou an, nasyon an ak nan pouswit bonè nou.

Konsèy Minisipal Distri 45

Demokrat

- Farah N Louis 

 Badj sa a ap parèt si yon kandida ap patisipe nan pwogram Fon an Kontrepati vil Nouyòk la, ki ede kandida yo konte sou rezidan Vil Nouyòk yo—pa sou enterè espesyal—pou finanse kanpay yo. Aprann plis nan [paj 61](#).

Gid sa a bay lis tout kandida ki dwe parèt nan bilten vòt la nan moman biblikasyon an. Pou w wè lis kandida ki pi ajou yo, jwenn videoyo kandida yo, epi konpare pozisyon yo sou pwoblèm yo, vizite haitiancreole.nycvotes.org/candidates.



Farah N Louis

Demokrat

3 pi gwo pwoblèm:

1. Lojman
2. Sekirite Biblik
3. Edikasyon

“Motivasyon m pou m retounen nan eleksyon se devouman m ak angajman m pou kwasans kontinyèl distri sa a. Pandan manda m nan Konsèy Minisipal la, mwen te jwenn finansman pou premye lojman abòdab ki pou granmoun aje yo sèlman nan distri a epi m te finanse tou premye Sant Sante pou Fanm epi rasanble 141 milyon dola pou konstwi premye sant Iwazi nan Lès Flatbush la. Priyorite m yo te ladan l men mwen pran angajman tou pou m konbat disparate ki gen nan swen sante yo. Mwen grandi nan yon fwaye ki pou sendika epi m konprann entèsekson idantite yo nan Distri 45 la ak obstak ki asosye ak yo, jan yo ka anpeche yon moun viv lavi l jan l ta dwe viv li a epi m ap chèche eliminate tout obstak ki egziste yo.”

Pwofesyon pou kounye a: Manm Konsèy la

Pwofesyon anvan: Non Aplikab

Edikasyon: Metriz

Afilyasyon Òganizasyonèl: NON APLIKAB

Eksperyans biblik pase: NON APLIKAB

Enskri nan Pati: Demokrat

Konpare Kandida yo

Ane sa a, nou te mande kandida yo pou yo pataje pozisyon yo sou uit pwoblèm Nouyòkè yo te di ki pi enpòtan pou yo nan yon Sondaj ki sot pase nan Quinnipiac University: krim, enflasyon, pwoteksyon demokrasi, avòtman, lojman abòdab, sanzabri, inegalite rasyal, ak chanjman klimatik. Pou w konpare repons kandida yo sou kesyon sa yo, vizite haitiancreole.nycvotes.org/compare.

Chèche jwenn distri konsèy minisipal ou a sou findmypollsite.vote.nyc.

Farah N Louis ☑

Demokrat

Kriminalite

Kriminalite te youn nan pwoblèm prensipal moun New York yo. Nou te adopte plizyè lwa ki gen ladan yo règ sou komunikasyon prealab ak pwersè rapid nan kad pi laj refòm liberasyon sou kosyon an, men gen plis bagay ki dwe fèt nan lejislasyon an nan sa ki gen rapò ak lwa sou zam, move zak kriminèl ak sipò pou moun ki gen maladi mantal grav yo.

Enflasyon

Enflasyon se yon gwo pwoblèm pou peyi a, apresa gen abòdabilite lojman, swen sante ak enkyetid sou krim vyolan. Li diminye pouvwa dacha a epi li lakoz pèt byen ak sèvis.

Pwoteksyon Demokrasi

Demokrasi nou an sibi difikilte pandan ane ki sot pase yo. Lè nou pwoteje demokrasi nou an, n ap anpeche abi pouvwa, retabli ekilib pouvwa yo, asire gen responsabilite ak transparans nan gouvènman an. Bay kominate nou yo mwayen pou yo rete angaje epi enfòme sou plan sivik se

**suiv
nyc
votes**

Ou kapab suiv NYC Votes pou w jwenn tout dènye mizajou sou eleksyon yo!

@nycvotes



Konsèy Minisipal Distri 46

Demokrat

- Mercedes Narcisse* ✓

Republikan, Konsèvatè

- Mike Moran* ✓

Kebreau pou Konsèy la

- Adlerette Kebreau ✓

Badj sa a ap parèt si yon kandida ap patisce nan pwogram Fon an Kontrepati vil Nouyòk la, ki ede kandida yo konte sou rezidan Vil Nouyòk yo—pa sou enterè espesyal—pou finanse kanpay yo. Aprann plis nan [paj 61](#).

Gid sa a bay lis tout kandida ki dwe parèt nan bilten vòt la nan moman biblikasyon an. Pou w wè lis kandida ki pi ajou yo, jwenn video kandida yo, epi konpare pozisyon yo sou pwoblèm yo, vizite haitiancreole.nycvotes.org/candidates.

* Kandida a pa t soumèt yon pwofil konplè pou yo te ka mete l nan Gid Elektè sa a.



“Mwen se Adlerette Kebreau, yo konnen m kòm yon Pastè, Pwofesè, ak yon konbatan pou kominate a depi lontan. Avèk pakou ak eksperyans mwen, mwen gen konpetans pou travay ak yon pèp ki divèsifye, pèsonèl ak kòlèg. Kèk nan konpetans fò m genyen se lidèchip, kapasite pou planifye, ak pou rezoud pwoblèm.”

Adlerette Kebreau ✓

Kebreau pou Konsèy la

3 pi gwo pwoblèm:

1. Lojman Abòdab
2. Pwoblèm Sante mantal
3. Bon Kalite Edikasyon

Pwofesyon pou kounye a: Konseye, Pastè, ak Defansè

Pwofesyon anvan: Pwofesè Syans

Edikasyon: Mastè nan Etid Pwofesyonèl

Afilyasyon Òganizasyonèl: Brooklyn College Alumni Association, Asosiyasyon Avoka Ayisyen Ameriken

Eksperyans biblik pase: Kowòdone epi kominiye ak anpil òganizasyon pou fasilité òganizasyon konferans ak seminè espirityèl pou publik nasyonal ak entènasyonal nan plizyè espas, ladann gen Ewop, Monreyal, Karayib ak plis toujou.

Enskri nan Pati: Konsèvatè

Konpare Kandida yo

Ane sa a, nou te mande kandida yo pou yo pataje pozisyon yo sou uit pwoblèm Nouyòkè yo te di ki pi enpòtan pou yo nan yon Sondaj ki sot pase nan Quinnipiac University: krim, enflasyon, pwoteksyon demokrasi, avòtman, lojman abòdab, sanzabri, inegalite rasyal, ak chanjman klimatik. Pou w konpare repons kandida yo sou kesyon sa yo, vizite haitiancreole.nycvotes.org/compare.

Chèche jwenn distri Konsèy Minisipal ou a sou findmypollsite.vote.nyc.

Mercedes Narcisse* ⓘ

Demokrat

Mike Moran* ⓘ

Republik, Konsèvatè

Kriminalite

Kandida a pa t soumèt yon repons pou kesyon sa a.

Kandida a pa t soumèt yon repons pou kesyon sa a.

Enflasyon

Kandida a pa t soumèt yon repons pou kesyon sa a.

Kandida a pa t soumèt yon repons pou kesyon sa a.

Pwoteksyon Demokrasi

Kandida a pa t soumèt yon repons pou kesyon sa a.

Kandida a pa soumèt repons pou kesyon sa a.

Adlerette Kebreau ✓

Kebreau pou Konsèy la

Elimine tout; move edikasyon, povrete, maladi mantal, kipidite, koripsyon, depandans ak èn k ap lakoz moun fè krim.

Mwen kwè fòk gen plis travay ak opòtinite ki peye pi byen. Gè a devanse kriz ekonomik nou an tandiske, lwave yo ak pwodui premye nesesite yo echape anba kontwòl nou, annou mete fen nan gè a epi redirije atansyon nou sou estabilite finansyè a.

Nan je pa m, nou dwe pwoteje epi kenbe sistèm kontwòl ak balans yo konsa nou kapab garanti entegrite ak responsablite pou tout moun.

resevwa alèt sou eleksyon yo

Enskri pou w resevwa alèt pou eleksyon yo pa mesaj tèks oswa pa imèl! Rete enfòme konsènan dat limit enpòtan yo ak kilè pou w vote.



Eskane la oswa
vizite [nycvotes.org/
stay-informed](http://nycvotes.org/stay-informed)

Konsèy Minisipal Distri 47

Demokrat

- Justin Brannan 

Republiken, Konsèvatè, Pati parantal

- Ari Kagan 

 Badj sa a ap parèt si yon kandida ap patisipe nan pwogram Fon an Kontrepati vil Nouyòk la, ki ede kandida yo konte sou rezidan Vil Nouyòk yo—pa sou enterè espesyal—pou finanse kanpay yo. Aprann plis nan [paj 61](#).

Gid sa a bay lis tout kandida ki dwe parèt nan bilten vòt la nan moman biblikasyon an. Pou w wè lis kandida ki pi ajou yo, jwenn videoyo kandida yo, epi konpare pozisyon yo sou pwoblèm yo, vizite haitiancreole.nycvotes.org/candidates.



Justin Brannan

Demokrat

3 pi gwo pwoblèm:

1. Sekirite Piblik
2. Sipò pou tigranmoun nou yo
3. Konstui nouvo lekòl ak pak

“Kèlkeswa ou se yon republiken oswa yon demokrat, sa pa enpòtan pou mwen, travay mwen kòm eli se sèvi tout moun. Chak jou m leve ak yon sèl objektif: fè lavi nou vin pi fasil. Se yon onè pou tout tan pou m reprezante katye kote m te grandi e m ap toujou batay pou nou ak fanmi nou.”

Pwofesyon pou kounye a: Konseye minisipal New York

Pwofesyon anvan: Chèf Kabinè Konsèy Vinnie Gentile

Edikasyon: Fordham & CUNY

Afilyasyon Òganizasyonèl: Bay Ridge Cares

Eksperyans piblik pase: Direktè adjwen zafè entègovènmantal nan Ministè Edikasyon NYC

Enskri nan Pati: Demokrat



Ari Kagan ✅

Republiken, Konsèvatè, Pati parantal

3 pi gwo pwoblèm:

1. Sekirite publik
2. Edikasyon Eskolè ki Baze sou Merit
3. Asenisman

“Mwen se Konseye Minisipal Repibliken Ari Kagan ki retounen nan eleksyon. Mwen soti Byelorisi pou m vin nan Amerik la sa gen 30 lane, san lajan, san m pa pale angle. Kounye a m ap viv Rè Ameriken m nan antanke Konseye Minisipal ou. Mwen se yon mari ak yon papa de timoun ki fyè. Mwen te gradye nan Baruch College pandan m t ap travay lajounen epi al nan kou lèswa. Mwen te konn travay antanke animatè televizyon ak radyo pandan m ap fè benevola pou kominote a.

Mwen se yon gwo sipòtè NYPD, edikasyon ki baze sou merit ak chwa parantal. Mwen te rive bay plizyè milyon dola pou pwojè kominotè epi mwen te ede plizyè milye konstitiyan.

M ap mande vòt ou nan Eleksyon Primè yo, 27 jen.”

Pwofesyon pou kounye a: Manm Konsèy la

Profesyon anvan: TV & Animatè radyo

Edikasyon: Baruch College, Lisans nan Administrasyon Antrepriz

Afilyasyon Òganizasyonèl: Verrazzano Republicans

Eksperyans publik pase: Direktè Distri, CD 47

Enskri nan Pati: Republiken

prepare biltén vòt ou a

Ou fin chwazi kandida w yo?
Make chwa w yo epi ale ak yo
nan biwo vòt ou a!



Eskane la oswa vizite
[haitiancreole.nycvotes.org/
plan-your-ballot](http://haitiancreole.nycvotes.org/plan-your-ballot)

Konpare Kandida yo

Ane sa a, nou te mande kandida yo pou yo pataje pozisyon yo sou uit pwoblèm Nouyòkè yo te di ki pi enpòtan pou yo nan yon Sondaj ki sot pase nan Quinnipiac University: krim, enflasyon, pwoteksyon demokrasi, avòtman, lojman abòdab, sanzabri, inegalite rasyal, ak chanjman klimatik. Pou w konpare repons kandida yo sou kesyon sa yo, vizite haitiancreole.nycvotes.org/compare.

Chèche jwenn distri Konsèy Minisipal ou a sou findmypollsite.vote.nyc.

Justin Brannan ✅

Demokrat

Ari Kagan ✅

Republik, Konsèvatè, Pati parantal

Kriminalite	Kòm yon dirijan eli, sekirite publik ap toujou 1ye priyorte pou mwen. Lokalman, nou gen plis polisyè nou pat janm gen avan epi fè envestisman sible pou n atake rasin koz kriminalite a atravè edikasyon, travay, sante, lojman ak transpò.	Mwen se yon gwo sipòtè NYPD ak fòs lòd yo. Kriminèl yo dwe fè fas ak konsekans aksyon yo. Nou dwe finanse pwogram pou jèn yo, fòmasyon pwofesyonèl ak akonpayman pou karyè.
Enflasyon	Menm lè konbat enflasyon se travay gouvènman federal la e pa konsèy minisipal la, nou ka konbat enflasyon lè nou atake avidite antrepriz yo, kreye plis anplwa epi ogmante salè. Fanmi kap travay yo santi yo kwense pandan milyadè yo ap anrichi e pa peye taks. Sa dwe fini.	Nou dwe depanse lajan kontribyab yo avèk sajès kote n ap lite kont gaspiyaj, fwòd ak abi. Nou dwe diminye pri egzajere sèvis publik yo, frè ki pa nesesè yo ak enpo sou pwopriyete yo, sa k ap fasilite siksè ti antrepriz yo. Mwen kont tarifikasyon blokis ki se yon lòt taks sou moun New York k ap travay yo.
Pwoteksyon Demokrasi	M kwè nou dwe fè tout sa nou kapab kolektivman pou fini ak atak otorité kont demokrasi a pandan n ap konbat pwoliferasyon dezenfòmasyon, politizasyon enstitisyon endependan nou yo, epi tout move taktik antidemokratik sou nenpòt fòm.	Nou dwe anpeche fwòd elektè yo, netwaye lis elektè yo pou retire elektè ki pa elijib yo, egzije pyès idantite nan biwo vòt yo epi kreye yon pi bon sansibilizasyon sivik.

konpare kandida yo

Vizite Gid Elektè anliy nou an
pou w ka wè pozisyon kandida yo
konsènan pwoblèm ki pi enpòtan
pou ou yo, epi konpare opinyon yo.



Eskane la oswa vizite
[haitiancreole.nycvotes.org/](http://haitiancreole.nycvotes.org/compare)
compare

gade videyo kandida yo

Vizite Gid Elektè anliy nou an pou w ka jwenn plis enfòmasyon sou kandida yo! Antre adrès ou pou w ka jwenn kandida yo ki sou Biltén Vòt ou a, epi apresa gade pwofil yo pou w ka wè videyo kandida yo.



Eskane la oswa vizite
[haitiancreole.nycvotes.org/
candidates](https://haitiancreole.nycvotes.org/candidates)

Konsèy Minisipal Distri 48

Demokrat, Pou Pèp La

- Amber Adler 

Republik, Konsèvate

- Inna Vernikov 

Ekip Trump lan

- Igor Kazatsker 

 Badj sa a ap parèt si yon kandida ap patisipe nan pwogram Fon an Kontrepati vil Nouyòk la, ki ede kandida yo konte sou rezidan Vil Nouyòk yo—pa sou enterè espesyal—pou finanse kanpay yo. Aprann plis nan [paj 61](#).

Gid sa a bay lis tout kandida ki dwe parèt nan bilten vòt la nan moman publikasyon an. Pou w wè lis kandida ki pi ajou yo, jwenn video kandida yo, epi konpare pozisyon yo sou pwoblèm yo, vizite haitiancreole.nycvotes.org/candidates.



Amber Adler

Demokrat, Pou Pèp La

3 pi gwo pwoblèm:

1. Ekonomi Lokal
2. Sekirite Piblik
3. Asenisman

“Amber se yon Dirijan e li se yon Jwif Òtodòks ki se manman de jèn gason. Li te kolekte epi alwe plizyè milyon dola nan resous pou sèvis pou fanmi, lit kont krim rayisman, timoun ki gen bezwen espesyal, edikasyon ak granmoun aje k ap fè fas ak pòvrete. Depi li fin eli, Amber pral amelyore Kalite Lavi rezidan yo. Li pral ogmante sekirite, fè lari a pwòp ankò, amelyore ramasaj fatra bò twotwa a, sipòte granmoun aje yo, ini rezidan yo, lite kont krim rayisab yo epi ogmante kantite lajan pou distri a. Amber angaje l pou l rete ekonòm epi pou l kreye politik ki responsab sou plan fiskal.”

Pwofesyon pou kounye a: Dirijan

Pwofesyon anvan yo: Temwen pwojè, International Center for Autism Research and Education

Edikasyon: Lisans, Komès ak Kominikasyon, Ohio University.

Afilyasyon Òganizasyonèl: Prezidan Konsèy Konsiltatif Katye 15, Mamm Komite Konte

Eksperyans piblik pase: Developman Kominotè

Enskri nan Pati: Demokrat



Inna Vernikov ✅

Republiken, Konsèvatè

3 pi gwo pwoblèm:

1. Pwoteksyon sitwayen yo anvan pwoteksyon kriminèl yo
2. Lit kont tout fòm diskriminasyon
3. Sipòte Ti antrepriz yo

“Pandan premye manda m nan Konsèy Minisipal la, mwen te gen chans gen patnè ki ekselan pou travay avè m pou ede m atenn anpil nan objektif nou yo pou kominote a. Mwen retounen nan eleksyon poutèt gen anpil travay ki pou fèt toujou ak anpil objektif pou atenn.”

Pwofesyon pou kounye a: Manm Konsèy Minisipal, Chèf Gwoup Minoritè

Pwofesyon anvan: Avoka

Edikasyon: Nefesh Academy, Baruch College, Doktora nan Dwa

Afilyasyon Òganizasyonèl: Asian Community Watch, Americans Against Antisemitism, Legion Self Defense

Eksperyans biblik pase: Manm Konsèy Minisipal epi Chèf Gwoup Minoritè; Asistan Espesyal ansyen Mam Asanble Dov Hikind; Asistan direktè kanpay ansyen Senatè Eta David Storobin; Prezidan Women's Committee for Americans Against Anti-Semitism; Prezidan Legion Self Defense

Enskri nan Pati: Republiken



Igor Kazatsker ✅

Ekip Trump lan

3 pi gwo pwoblèm:

1. Amelyore santiman sekirite biblik
2. Mwens pale, plis lari pwòp
3. Bon ti antrepriz nan 48

“Retire ‘tèt k ap pale’, mete ‘men k ap travay.’”

Pwofesyon pou kounye a: Russian Promotion Corp., Prezidan

Pwofesyon anvan yo: Enjenyè; Jounalis; Responsab Dosye; Asistan Jiridik nan Imigrasyon; Terapet Rekreyatif

Edikasyon: Enjenyè Mekanik; Jounalis

Afilyasyon Òganizasyonèl: Odessa Community of New York, Prezidan; American Association of the Jews from the former USSR, Vis Prezidan

Eksperyans biblik pase: Antanke animatè emisyon kotidyen “New York City News” la, sou radyo ris la, mwen te kominike yon fason entèraktif avèk oditè radyo yo

Enskri nan Pati: Republiken

suiv NYC Votes

Ou kapab suiv NYC Votes pou
w jwenn tout dènye mizajou sou
eleksyon yo!

@nycvotes



Konpare Kandida yo

Ane sa a, nou te mande kandida yo pou yo pataje pozisyon yo sou uit pwoblèm Nouyòkè yo te di ki pi enpòtan pou yo nan yon Sondaj ki sot pase nan Quinnipiac University: krim, enflasyon, pwoteksyon demokrasi, avòtman, lojman abòdab, sanzabri, inegalite rasyal, ak chanjman klimatik. Pou w konpare repons kandida yo sou kesyon sa yo, vizite haitiancreole.nycvotes.org/compare.

Chèche jwenn distri Konsèy Minisipal ou a sou findmypollsite.vote.nyc.

Amber Adler ✅

Demokrat, Pou Pèp La

Inna Vernikov ✅

Republikan, Konsèvatè

Kriminalite

Nou dwe lite kont krim epi fè prevansyon kont li. Nou dwe mete politik yo ajou pou kanpe kriminèl residivis yo. Nou dwe envesti nan edikasyon preventif nan pou Klas jadandanfan rive klas 12yèm ane (K-12) pou sispann entimidasyon epi mete fen ak krim rayisab yo.

Nou dwe pwoteje sitwayen ki respekte lalwa yo, pa kriminèl vyolan yo. Refòm liberasyon sou kosyon an se yon politik ki iresponsab ki antrene plis vyolans. Mwen kwè nan dezyèm chans epi mwen bat bravo pou pwogram reentegrasyon moun ki te nan prizon anvan yo nan sosyete a men nou paka jis eliminate konsekans yo.

Enflasyon

Politik ki responsab sou plan fiskal, kenbe yon bidjè leje epi mete anplas fon dijans ki gen afektasyon espesifik se kèk mezi ki kreye yon bon fondasyon pou lite kont enflasyon.

Enflasyon an se rezulta previzib desizyon politik iresponsab: Enjekte lajan eksesif nan ekonomi an; kraze ti antrepriz yo; depans iresponsab yo ak enflasyon k ap galope a deranje tout moun soti anba rive anlè.

Pwoteksyon Demokrasi

Nou dwe ogmante transparans nan gouvènman an pou nou pwoteje Demokrasi a. Epitou, nou dwe eliminate fay yo epi ogmante sanksyon yo pou kanpe podven politik yo.

Mwen te soti nan ansyen Inyon Sovyetik la pou m imigre NYC pou m te chape anba kominis epi patisipe nan Rèv Ameriken an: Travay di, fè lajan epi viv yon fason lib. Dirijan aktyèl nou yo ap eseye vòlè dwa debaz sa yo nan men nou, ki se rezon ki fè m antre nan politik.

Igor Kazatsker ✅

Ekip Trump lan

Li enpòtan pou tout moun New York santi yo sekirize tout kote - lakay yo, nan lari, nan metwo yo. Nou dwe gen ase polisyè k ap fè patwouy. Nou dwe wè yon inifòm tout kote nan kominate a epi nou dwe fè tout sa ki posib pou nou kenbe kriminèl yo nan prizon.

Lè nou konsidere enfliyans enflasyon an sou ekonomi vil la, Konsèy la ka vin pote moun New York mwayen an sekou atravè diminisyon taks yo, frè yo ak amand yo epi diminisyon biwokrasi a. Konsa, Konsèy la ka garanti sèvis gouvènmantal nesesè ki pi efikas, pi ekonomik.

Mòd lavi ekstraòdinè ameriken an ankre nan fondman demokrasi a. Konsèy la pa dwe janm anpyete sou libète yo ki se yon pati enpòtan nan demokrasi a. Li dwe itilize pouvwa l yo pou asire ke moun New York yo viv lavi yo jan Konstitisyon nou an garanti l la.

resevwa alèt sou eleksyon yo

Enskri pou w resevwa alèt pou eleksyon yo pa mesaj tèks oswa pa imèl! Rete enfòme konsènan dat limit enpòtan yo ak kilè pou w vote.



Eskane la oswa vizite [nycvotes.org/
stay-informed](http://nycvotes.org/stay-informed)

Pwopozisyon ki sou Bilten Vòt yo pou otòn 2023 a


Kisa pwopozisyon ki sou Bilten Vòt yo ye?

Pwopozisyon nan eleksyon sa yo konsène amannman nan Konstitisyon Eta a. Gen de (2) pwopozisyon ki konsène tout Eta a ki sou Bilten Vòt la otòn sa a.

Ou ka vote "Wi" oswa "Non" pou chak pwopozisyon sa yo. Pwopozisyon ki sou Bilten Vòt yo ap apwouve si yo resevwa majorite vòt yo.

Poukisa Pwopozisyon sa yo sou Bilten Vòt la?

Lejislati Eta Nouyòk la pwopoze epi adopte mezi bilten vòt nan tout Eta a pou Nouyòkè yo vote.

Proposal 1			Proposal 2		
					
1	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	2	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>
Yes			No		

Pwopozisyon ki sou Biltén Vòt yo 1

Retrè Distri Eskolè ti Vil yo nan Limitasyon Espesyal Dèt Konstitisyònèl la

Sa w ap wè sou biltén vòt la

Amannman ki pwopoze nan Atik 8, seksyon 4 Konstitisyon an retire limit espesyal dèt konstitisyònèl yo egzije distri eskolè ti vil yo, yon fason pou yo trete yo menm jan ak tout lòt distri eskolè yo. Eske amannman yo pwopoze a ap apwouve?

Rezime Pwopozisyon an:

Amannman konstitisyònèl sa a retire limit dèt espesyal pou distri eskolè ti vil yo. Yo ta etabli limit dèt nan lwa eta a pou tout distri eskolè yo.

Yon distri eskolè ti vil se youn ki gen ladan I omwen yon pati nan yon ti vil. Yon ti vil se yon vil ki gen mwens passe san vennsenk mil moun.

Konstitisyon Eta a limite kantite dèt yon distri eskolè ti vil kapab genyen. Dèt yo pa dwe depase senk poustan nan valè byen imobilye taksab nan distri a. Gen eksepsyon pou kèk depans. Lòt distri eskolè yo pa genyen restriksyon sou dèt konstitisyònèl, men yo gen yon limit dèt diferan lalwa eta a bay. Lwa Eta a di dèt yo a pa dwe depase dis poustan nan valè byen imobilye taksab yo. Si Amannman Konstitisyònèl sa a pase, distri eskolè ti vil yo ta kapab elijib pou yo genyen menm limit dèt ak lòt distri eskolè yo yo te adopte atravè yon aksyon lejislatif.

Si Pwopozisyon sa a pase:

Distri eskolè ti vil yo ta kapab elijib pou yo genyen menm limit dèt, ki te antre an vigè atravè lalwa, ak lòt distri eskolè eta yo.

Pwopozisyon ki sou Biltén Vòt yo 2

Pwolonje eksklizyon limit dèt pou pwojè egou yo

Sa w ap wè sou Biltén Vòt la

Amannman yo pwopoze nan Atik 8, seksyon 5 Konstitisyon an pwolonje otorite konte, vil, ak vilaj yo pou yo retire nan limit dèt konstitisyonèl yo a dèt pou konstriksyon enstalasyon pou egou pou dis lane. Èske amannman yo pwopoze a ap apwouve?

Rezime Pwopozisyon an:

Konstitisyon an limite dèt konte, vil, ak vilaj yo ka genyen. Limit dèt sa a pa enkli dèt pou pwojè konstriksyon tretman dlo egou yo. Eksepsyon pou dèt pou egou a ap ekspire 1ye janvye 2024. Amannman sa a pwolonje eksepsyon ki gen rapò ak dèt egou a pou dis ane ankò jiska 1ye janvye 2034. Amannman yo pwopoze a fè sa lè l chanje seksyon 5 nan atik 8 Konstitisyon an.

Si Pwopozisyon sa a pase:

Esklizyon depans pou tretman ak eliminasyon dlo egou nan kantite lajan dèt Konstitisyon an pèmèt konte, vil, ak vilaj yo pou yo genyen an ta va kenbe pou 10 lane ankò.

Konsènan NYC Votes

NYC Votes se yon inisyativ Komisyon pou Finans Kanpay Vil New York la, ajans minisipal endependan ki ap veye pou eleksyon lokal yo ekitab, enklizif epi transparan.

Nou ankouraje patisipasyon elektè yo ak kandida yo pou Fonksyonè ki Eli nou yo ka reponn ak bezwen divès kominate nou yo, epi ak pwoblèm ki enterese elektè yo.

Nou fè sa lè nou bay Nouyòkè ki gen mwens tandans pou yo vote yo mwayen, lè nou redui obstat pou moun vin kandida pou yon fonksyon epi lè nou ofri solisyon pou amelyore sistèm eleksyon nou an. NYC Votes kolabore ak òganizasyon kominotè, volontè epi ak lòt ajans minisipal pou enskri, edike epi motive elektè yo toupatou nan vil la. Objektif nou se pèmèt tout Nouyòkè pi byen konprann pwoesis elektoral la gras ak yon dyalòg onèt sou fason eleksyon nou yo fonksyone ak poukisa yo enpòtan.

Kreye depi 1988, ajans la bay moun New York yo enfòmasyon sou kandida ki nan Bilten Vòt yo a epi kijan y ap finanse kanpay yo. Pwogram fon an kontrepaci nou an pèmèt nou asosye chak \$1 yon donatè lokal bay jiska \$8, pou finansman vil la, pou ankouraje kandida vil yo konsantre yo sou kominate yo a olye pou yo konsantre yo sou enterè patikilye yo.

Pwogram Fon an kontrepaci (Matching Funds Program)

Kontribisyon ou bay pou kandida vil la ale pi lwen toujou lè w sipòte kandida ki patisipe nan pwogram fon an kontrepaci vil la. Don rezidan vil yo bay pou kandida k ap patisipe yo ka matche a \$8-pou-\$1. Sa vle di lè ou bay \$10, kandida a resevwa \$90.

Pwogram sa a pèmèt nou asire nou se ti don ti gress dola Nouyòkè yo ki finanse kanpay yo, se pa enterè patikilye. Sa vle di tou kandida ki pa rich men ki gen gwo sipò kominate a kapab gen mwayen pou yo poze kandidati yo, sa ki kreye yon gouvnèman ki pi divèsifye ak pi reprezentatif. Nan eleksyon 2021 Vil New York la, plis pase 83% nan kandida lokal yo te deklare fon an kontrepaci yo te esansyèl pou yo te ka poze kandidati yo.



Kontribiye nan
contribute.nycvotes.org

Kesyon yo Poze Souvan yo

Jeneral

Kisa ki yon Eleksyon Jeneral ye?

Nan eleksyon jeneral la, kandida ki soti nan differan pati ap afwonte youn lòt pou yo ka genyen yon fonksyon yo atribye atravè eleksyon. Ou ka vote pou nenpòt kandida ki nan nenpòt pati pou chak fonksyon ki sou Bilten Vòt la. Ou ka vote "wi" oswa "non" tou pou pwopozisyon ki sou Bilten Vòt yo. Tout elektè ki te enskri nan dat limit la elijib pou yo vote nan yon eleksyon jeneral.

Kòman mwen ka verifye si mwen te enskri pou vote?

Vizite voterlookup.elections.ny.gov oswa rele nan Konsèy Elektoral (Board of Elections) Vil Nouyòk la nan **866-VOTE-NYC (866-868-3692)** oswa **TTY 212-487-5496** pou moun ki mal pou tandem.

E si mwen te deplase anndan Vil Nouyòk la depi dènye fwa mwen te vote a?

Lè w demenaje, ou ta dwe chanje adrès ou nan Konsèy Elektoral (Board of Elections) la lè w soumèt yon nouvo fòm enskripsyón elektè. Konsèy Elektoral la dwe resevwa chanjman adrès ou anvan **23 oktòb**. Rele nan **866-VOTE-NYC (866-868-3692)** oswa **TTY 212-487-5496** pou moun ki mal pou tandem yo pou chèche konnen si yo te trete chanjman adrès ou an.

Si adrès ou poko aktyalize, ou kapab vote nan Biwo vòt kote yo make pou nouvo adrès ou lè ou mande yon Bilten vòt sou sèman nan Biwo vòt ou an.

Vòt pa Korespondans

Ki rezon valab ki genyen pou mande yon Bilten Vòt Moun ki Absan?

Ou ka mande yon bilten vòt pou moun ki absan si w lwen Vil Nouyòk Jou Eleksyon an, si w gen yon maladi oswa yon andikap fizik, si w se yon founisè swen primè pou moun ki malad oswa ki andikape fizikman, yon rezidan oswa yon pasyan nan yon Lopital Administrasyon Sante Veteran yo, oswa si ou nan prizon (pou nenpòt rezon ki pa yon kondanasyon pou krim) oswa si w ap tann pwose. Ou ka make rezon ou an sou fòmilè demann Bilten Vòt moun ki absan ou an.

Èske mwen toujou kalifye pou vote an pèsòn si mwen mande yon Bilten Vòt Moun ki Absan?

Si w mande yon Bilten Vòt Moun ki Absan, ou dwe planifye pou w vote avèk li. Ou ka depoze Bilten Vòt Moun ki Absan ou an nan nenpòt ki biwo vòt pandan biwo vòt yo ouvè. Sepandan, si ou chwazi vote an pèsòn apre ou fin mande yon Bilten Vòt Moun ki Absan, ou dwe vote ak yon Bilten Vòt sou sèman nan Biwo vòt ou an. Bilten Vòt sa a ap parèt differan. Mande yon moun k ap travay nan biwo Vòt la èd si ou bezwen sa.

Èske mwen dwe mete tenb si m ap poste Bilten Vòt mwen an?

Ou pa bezwen ajoute yon tenb. Sepandan, pa blyie voye tounen nan kourye lapòs Bilten Vòt ou an kou sa posib. Li dwe vini ak tout so lapòs sou li nan Jou Eleksyon an epi konsèy konte a dwe resevwa l anvan 14 novanm pou li ka valid.

Èske mwen ka depoze Bilten Vòt Moun ki Absan mwen an nan Biwo vòt mwen an?

Wi! Ou ka depoze Bilten Vòt Moun ki Absan ou an nan nenpòt Biwo vòt nan vil Nouyòk oswa nan biwo Konsèy Elektoral la. Bwat pou Bilten Vòt yo ap disponib nan gichè resepsyon an. Ou pa bezwen ajoute yon tenb.

Èske mwen ka swiv Bilten Vòt mwen an aprè mwen fin retounen li?

Wi! Vizite nycabsentee.com/tracking.

E si gen yon pwoblèm ak Bilten Vòt Moun ki Absan mwen an? Èske mwen ap gen posibilité pou m korije li?

Konsèy Elektoral la dwe enfòme w daprè lalwa si gen yon erè ki reparab sou anvlop Bilten Vòt ou a tankou yon siyati ki pa la oswa ki pa kòrèk. Si gen yon erè nan Bilten Vòt ou an ki ka repare, y ap kontakte ou pa lapòs, imèl, telefòn (si li disponib) nan yon delè 1 jou apre yo fin dekouvri erè a. W ap gen jiska 7 jou ouvrab pou w korije erè a lè w voye tounen yon afimasyon ou siyen.

ou gen kesyon toujou?

Vizite haitiancreole.nycvotes.org/faqs!

Ou ka voye yon imel ba nou tou nan
nycvotes@nyccfb.info, oswa voye yon
mesaj ba nou sou Instagram, Twitter,
Facebook, oswa Reddit (@nycvotes).

Mete enfòmasyon ou yo ajou ansanm ak Konsèy Elektoral la

Nou jwenn non ou ak adrès ou nan lis elektè ki enskri yo Konsèy Elektoral Vil New York la konsève nan biwo li.

Si ou te resevwa Gid Elektè sa a nan kourye lapòs men se pa non ou ki sou li, oubyen si destinatè a deplase oswa si li mouri, notifye Konsèy Elektoral la pou yo ka korije dosye yo.



Konsènan Gid Elektè a

Daprè lalwa, Komisyon pou Finans Kanpay Vil New York la dwe voye yon Gid Elektè bay chak fwaye ki genyen yon elektè ki enskri nan vil Nouyòk pou eleksyon minisipal yo. Nou voye yon gid an Anglè ak an espanyòl pou chak Elektè ki enskri, epi an Arab, Bengali, Chinwa, Fransè, Kreyòl Ayisyen, Indi, Koreyen, Polonè, Punjabi, Ris ak Oudou bay Elektè ki nan zòn sible yo dapre done resansman yo.

Gid sa a bay lis tout kandida ki dwe parèt nan Bilten Vòt la nan moman piblikasyon an. Pou w jwenn yon lis ki ajou, vizite Gid anliy lan sou nycvotes.org/ht.

Gid Elektè pou Eleksyon Jeneral Vil Nouyòk 2023 a. Dwa dotè © 2023 se yon inisyativ Komisyon pou Finans Kanpay Vil New York la. Tout dwa rezève. Se Bellweather Agency ki fè konsepsyon an. Pwodui Ozetazini

Kontakte Konsèy Elektoral la

Konsèy Elektoral la òganize eleksyon nou yo epi se li ki responsab pou kenbe baz done elektè ki enskri yo, siveye silten vòt yo, konte bilten vòt yo epi rapòte rezulta eleksyon yo. Ou ka mete enskripsiyon w lan antanke elektè ajou, aplike pou yon bilten vòt moun ki absan, aplike pou w yon travayè nan sondaj biwo vòt oswa kòm entèprèt lang, ak lòt ankò nan Konsèy Elektoral Vil New York la.

Orè fonksyònman nòmal yo

9: 00 a.m. pou 5: 00 p.m, Lendi pou rive Vandredi, epi pandan wiken anvan ak nan Jou Eleksyon an. Tcheke vote.nyc pou jwenn orè fonksyònman yo.

866-VOTE-NYC (TTY **212-487-5496** pou moun ki pa tande byen)

Vizite vote.nyc pou jwenn plis enfòmasyon.

	Adrès	Nimewo telefòn
Biwo Jeneral	32-42 Broadway, 7th Floor New York, NY 10004	212-487-5400
Bronx	1780 Grand Concourse, 5th Floor Bronx, NY 10457	718-299-9017
Brooklyn	345 Adams Street, 4th Floor Brooklyn, NY 11201	718-797-8800
Manhattan	200 Varick Street, 10th Floor New York, NY 10014	212-886-2100
Queens	118-35 Queens Boulevard, 11th Floor Forest Hills, NY 11375	718-730-6730
Staten Island	1 Edgewater Plaza, 4th Floor Staten Island, NY 10305	718-876-0079